# Ираф

## IV
## 2021

**ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ**

**ЖУРНАЛ В ГОД ВЫХОДИТ 4 РАЗА**

УЧРЕДИТЕЛЬ И ИЗДАТЕЛЬ
Комитет по делам печати и массовых коммуникаций
РСО-Алания

Журнал издается с февраля 1991 года

**Главный редактор**
**Эльбрус СКОДТАЕВ**

**Редакция**
Виталий Колиев – заместитель главного редактора
Альбина Такоева
Валентина Миндзаева
Наталья Семенова
Джульетта Бузоева

**Редколлегия**
Тамерлан Камболов
Таймураз Тамаев
Руслан Бабочиев
Амурхан Кибиров
Милуся Будаева

ВЛАДИКАВКАЗ, 2021

# Ираф

**IV**
**2021**

**ЛИТЕРАТУРОН-АЙЙЕВАДОН ÆМА ÆХСÆНАДОН-ПОЛИТИКОН ЖУРНАЛ**

**ЖУРНАЛ АНЗ ЦÆУЙ 4 ХАТТИ**

Журнал цæуй 1991 анзи комахсæни мæйæй фæстæмæ

**Сæйраг редактор**
**СКЪОДТАТИ Эльбрус**

**Редакци**
Колити Витали – сæйраг редактори хуæдæйййевæг
Такъоти Альбинæ
Миндзайти Валентинæ
Семенова Наталья
Бузойти Джульеттæ

**Редколлеги**
Хъамболти Тамерлан
Тамати Таймураз
Бабочити Руслан
Къибирти Амурхан
Будайти Милуся

ДЗÆУÆГИГЪÆУ, 2021

# НОМЕРИ ЕС:

## Прозæ æма поэзи

Колити Витали. *Æгадæ балци. Радзурд*....................................................5
Хъодзати Æхсар. *Æмдзæвгитæ*.............................................................................26
Хохойти Федар. *Мегъæй æхгæд стъалутæ. Уацау*...............................39
Скъодтати Эльбрус. *Æмдзæвгитæ*.....................................................................72
Зæнгионти Геуæрги. *Радзурдтæ*............................................................................82
Къибирти Амурхан. *Æмдзæвгитæ*.....................................................................97
Миндзайти Валентинæ. *Радзурдтæ*...................................................................112

## Литературон бунтæй

Темирати Дауит. Мади маст. *Драмæ*.....................................................129

## Нæуæг тæлмацтæ

Гæздæнти Гайто. *Французаг зæнхæбæл. Документалон прозæ. Идарддæр*..................................................................................................143

## Нæ юбилартæ

Тотойти Феликс. *Историй профессор. Дзубанди Кокити Геуæргий туххæн*.............................................169
Цæголти Василий. *Мийнæвæрттæ. Радзурд*.........................................179

## Нæ фиддæлти историæй

Малхъарти Нателлæ. *1. Нæ рагфиддæлти уедæгтæ.*
*2. Фидибæстæбæл еузæрдиуон*.........................189

## Публицистикæ

Собити Инал. *Дигори ком. Идарддæр*.........................................................198
Тамати Таймураз. *Тугъди сувæллæнттæ*....................................................214
Сакъити Эльбрус. *Хуарздзийнадæн иронхгæнæн нæййес*...................219
Гъæуи равзурст æма æ хабæрттæ. *Дзабайти Фузæ*.............................228

## Критикæ æма библиографи

Бабочити Руслан. *Малити Геуæрги. Гениалон поэт*..................252

## Журналкæсгути сфæлдистадæй

Золойти Хетæг. *Фун. Радзурд*...........................................................301

ХЪОДЗАТИ Æхсар

* * *

*/Юннæ Морицы мотив/*

Срухс, дам, у, сæрттив, цъæхснагæй, дам, зар...
Акæс-ма уæлвæзмæ: сагхъæд ныппуси.
Арвы цъæх къусчы цы тæмæн, цы рухс и!
Мæргъты цырен цинæй арвæн йæ цар
дугъы фæз фестади, гъемæ, дам,зар:
ауыдтон адæттæ – зæрдæ фæхъус и,
гъемæ, дам, сæрттив, цъæхснагæй, дам, зар!

Цардæй куы стыхсай, куы дæ сура цард,
иу бон куы сыстай, куы схизай дæ хъоргъæй,
рындзмæ куы схизай, куы ракæсай хохæй,
къохмæ куы бафтай, куы ацæуай дард,
удхар куы кæнай, куы сфæлмæцай тохæй, –
алкæм дæр, оххай, зынтæй цæуы зард...
Азар, дам, срухс у... Заманатæ, оххай.

2002

## СТЫ ÆМЦÆДИС АРВ ÆМÆ МÆ УД

* * *

Бындур нывæрдта адæмæн Адам,
Адамимæ та райгуырди хæрам.
Æфсымæртæ – хæрам æмæ дæлимон,
æмæ ныммардта хионы йæ хион.

Кæрæдзийæ сæ емынæ уынынц
Мæнг æмæ Раст. Æмæ хæцынц, хæцынц...

Йæ фæллæйттæй фæфыдæнхъæл Хуыцау
Æмæ рæхджы æрæвæрдзæн æгъдау.

2019

## ЦАРД

*Цард у… дыгъуызон калм.*
*Аль-Маарри*

Цард хъулæттæ у: мæнг æмæ æцæг
хъазуаты сты – нæ кæны тох мынæг.

Кæрæдзи ивынц бонтæ æмæ ‘хсæвтæ.
Æгъатыр цардæн карз ысты йæ цæфтæ.

Дыгъуызон калм… Йæ марг æдзух – цæттæ.
Йæ азарæй цытæ ‘взарæм, цытæ!

Нæ райгуырынæй бафты уый нæ фæстæ.
Нæ аирвæзы иу уд дæр йæ хæстæй.

## СЫФТÆРЫ НЫХАС

Æз рындзал райгуырдтæн
кæддæр, кæддæр.
Куыд уарзтон арвы цъæх
йæ сонт æрттывд, йæ нæрд!
Æниу йæ уарынтæ,
йæ фæрдгуыты цæхæр...
Уыди мæ «алолай»
Алондоны сæр-сæр.
Мæ удæн адджын уыд
ныгъуылиты пæр-пæр,
сæ зарæг сауцъиутæн,
сæ лæппынты цъæлхъæр.
Цин кодтон бонцъæхыл,
рæвдыдта мæ изæр.
Мæн мардта удхарæй
тылиф дымгæ – сæлхæр...

О, федтон алцы дæр:
цъæх уалдзæг дæр, сæрд дæр.
Ныр афон ралæууыд –
бынæй мæм сиды Мæр.
Зæгъынц мын уидæгтæ,
хъæуы, дам, нæ дæ сæр.
О тулдз, о ме схæссæг,
æрдзæ азы-ма цæр!

2019

## ХÆХХОН ДÆТТÆ

Кæлы сæ рындзтæй хæхтæн
тæлтæг дæтты цæхæр.
Сæ уылæнтæ – цырæгътæ,
куыд æхцон у сæ хъæр!

Ис тохы монц сæ зарды:
фæдис, фæдис, фæдис!..
Кæсы сæм денджыз дардæй,
кæны сæ митыл дис.

2019

## ХÆХХОН АЗÆЛД

Фæдисонау мæ уатмæ ‘рбатахт азæлд,
цæсты тъæбæртмæ уаты къуымты азылд,
мæ хъусы смидæг, риугуыдырмæ бахызт,
йæ сонт селфытæй уды уидаг барызт.

«Æз хъодыгонд дæн, – дзуры ма æнкъардæй, –
кæйдæр аууон. Мæхи, куырмау, фæхостон
æхсон къæйтыл. Нæ йæ хатын, цы кодтон...»
Уынын æй ныр мæ уаты къуымы мардæй.

2019

## ФЫН

/Георг Векерлинмæ гæсгæ/

Налат, фæлитой лæг хуыцауы хуызы бацыд.
Йæ галуан – урс мармæр, зæринвæлыст – йæ бадæн.
Йæ цуры зонгуытыл æркъултæ сты мæнг адæм –
æндæргтæ, аууæттæ, тæссæй сыл ризæг бафтыд.

Уыди лæгхуыцау та йæ сон, йæ марæг цардæн:
фæцагъта зондджынты, рæстудты фæдыл бафтыд.
Сырдта сæ, сæфта сæ, хуыдта сæ сау рын, сау фыд.
Ныггаффутт стыр бæстæ, сæ кой дæр нал уыд бартæн.

Уæлæрвтæй кастысты нæ Фæлдисæг, нæ зæдтæ.
Хъуынтъыз, уæззау мигътæ тызмæгдæр, тардæр кодтой.
Уæддæр лæгхуыцауæн йæ зæрдæ тахт бæрзæндты:
цагъартæ… цас æм ис!.. Фæлæ, о додой, додой!

Ныннæрыд арв æмæ æрызгъæлдта йæ фæттæ:
лæгхуыцау, рухс галуан – æрбайсæфти сæ фæд дæр.

2020



ХОХОЙТИ Федар

## МЕГЪÆЙ ÆХГÆД СТЪАЛУТÆ

*Уацау*

### I

Рæуæг хуæдтолгæ хуæнхаг къæдзал-мудзултæ надбæл æ цуди кой кодта, кæми цурддæр, фæххæрдгæнæнти ба нидæнгомаудæр. Æвæллайгæ нæрæмон ирдгæ коми нарæги Ирæфи дони уорс уазал тулфæ æзмæнтгæй, æхе расатæг кæнидæ. Надгæрæнтти цагъана 'ма уæгъæлий къотæрти сифтæй, тикис мистæй куд фæгъгъазуй, уой гъазт кодта. Цъæх сифтæрти цъæхснаг зур-зурмæ къотæртæн уайтæккидæр сæ къалеутæ сæхе базмæлунтæ кæниуонцæ æма ездон æркафиуонцæ сæ медбунати, тасæ-уасæ кæнгæй. Бæрзонд хуæнхти фæхстæбæл æносон цъæх нæзи гъæдæй сæрддон мæргъти дессаги зартæ адæймагæн уодихуасау азæлдæнцæ æнæгъæнæ комбæл. Дæлвæзти, сойнæйдзаг фонсхезнитæй игъустæй фиййауи хæтæли зæрдæлхæнæг рæсугъд цагъд. Ирæфи дони цæхъалти сос таус, æхсæрдзæнти хеваст сонт уахъæр æма игуæрдæнти деденти адгин тæф Хадзеумари зæрдæ рохс кодтонцæ. Даргъ нади бæлццонæн фæллад æ фæсонæрхæги дæр нæма адтæй. Æ фæндаг алли æхцæуæндзийнади хæццæ цубурæй-цубурдæр кодта.

Фæлмæн гъар бони зæрийнæ хор, æнæ еу мегъи цъопп арви реуæй идзулгæй, коми цæргутæн рæфтад искæнуни рæстæг амудта. Хадзеумар æ райгурæн гъæу Кæурæггинмæ хæстæг надæн æ рахесфарс, хонсари устур туппурбæл рагон уæлмæрдтæмæ бахезæн дуари размæ æ хуæдтолгæ бауорæдта. Уæлмæрдтæмæ бацудæй. Æ мади ’ма æ фиди циртбæл æ къох куддæр байвардта, уотæ бабæй е ’нæдаст уорс рехæ ростæбæл æ цæстисугтæ сæ ахури урдугмæ лæсæнвæд раирдтонцæ уайтæкки дæр. Еу усмæ бабæй син сæ бауорамун æ бон нæбал иссæй. Æ хæдони дусæй сæ ку расæрфта, уæд сабургай исдзурдта:

– Рохсаг уотæ, – æ къохи ци деденгути баст адтæй, уой син сæ циртбæл æрæвардта, арф гъудити ранигъулгæй, ’ма еу рæстæг ралæудтæй цирти уæлгъос, уæдта рацудæй уæлмæрдтæй. Рабадтæй хуæдтолги ’ма гъæуæрдæмæ фæрраст æй. Уæллаг синхи æ фиди хестæр хуæрæ Фаризæти хæдзари рази æрлæудтæй ’ма сæмæ колдуар æ къохæй бахуаста:

– Кæми айтæ, хæдзайронтæ?..

Мела, Хадзеумари дзурд райгъосгæй, никъкъес-къос кодта. Колдуари бунти цъасæбæл гъæунгæмæ фендæбилæ ’й ’ма, æ къæдзелæ телгæй, иуазæгбæл цийнæй æхе марунмæ æрцудæй. Хадзеумар æ рази дзодздзæги æрбадтæй ’ма ’й æ хъури ниттухта. Устур фиййау-куййæн æ сæр, æ бæрзæй æ армитъæпæнæй æрдауидæ. Куй ба ин æ даргъ æвзагæй æ къохтæ æстардта...

Минкъий къæбулайæй æй иссирдта Хадзеумар горæти.

Еу зуймон сæумæ, æртæ анзей размæ, хæдзарæй уæлдæйттæ бугъгалæнмæ рахæсгæй, æ гъостæбæл къæбиси къес-къос рауадæй. Æркæститæ кодта бугътæ æмбурдгæнæн къуртумæ. Æ хурфи размæлæ-базмæлæ кодта еу минкъий, гетенæй худ баркъи. Гъе, уой хурфæй цудæй и къес-къос. Хадзеумар æй исиста. Райхалдта баркъий коми баст ’ма си иссирдта, æхсир ма ка дадта, уæхæн сау мелатæ къæбула. Хъæбæр ибæл фæццийнæ кодта ’ма ’й сæхемæ æ хæццæ æрбахаста. Ном ибæл исæвардта «Мела».

Æхуæдæг æй сувæллонау гъуд кодта. Хецæн къум ин исаразта. Фиццаг бонæй фæстæмæ ин Мела гъазæнгъолæ иссæй. Фид æма æй æхсирæй цох еунæг бон дæр нæ уагъта. Куд фæззæгъунцæ, уотæ, æ фæстаг адгин комидзаг дæр Хад-

зеумар, æнæ Мелайæн фæххай кæнгæй, нæ хуардта. Анзи æрдæгмæ дзæбæх раустур æй. Синхонтæй, кæд хъор неке кодта, неке сувæллæнтти си нæма батухсун кодта, уæддæр си еуæй-еуетæ хъур-хъур кæнун райдæдтонцæ, Хадзеумар Мелай æ хæццæ гъæунгæмæ рагъазунмæ ку ракæнидæ, уæд. Сувæллæнттæ, дан, си тæрсун райдæдтонцæ, зæгъгæ. Уомæ гæсгæ ба Мелайæн, горæти фатери дарæн нæбал адтæй 'ма 'й Хадзеумар æ хуæрифурттæмæ Кæурæггинмæ фæлласта...

Æ фиди хуæрæ Фаризæт, Сæнтауæнти Иласмæ киндзи ци бон æрцудæй царди 'мбалæн, еци бонæй фæстæмæ æй е 'фсийнæ, е 'ртæ теуи, уæдта æгас муггаг дæр Киндзæ хонун райдæдтонцæ. Киндзæ æй худтонцæ сæ тумбул синх дæр. Гъе, уотемæй Фаризæтбæл æ зæруи уæнгæ дæр Киндзи ном байзадæй. Æ минкъийййæй фæстæмæ æй Киндзæ худта Ха-дзеумар дæр...

Æртæ анзей размæ Мелай горæтæй Кæурæггинмæ ку æрласта Хадзеумар, уæд загъта æ фиди хуæрæн:

– Киндзæ! Мæ тог, ме 'стæг, ме 'схæссæг мадæ. Еунæг дæубæл æууæндун Мелай. Мæхе мин куд исхастай мæ минкъийййæй абони уæнгæ, ци рохс цæстæнгас мæмæ дарис, – гъе уомæй бундæр бунатмæ ма 'руадзæ Мелай дæр. Мæхе хузæн æнæ мадæ, æнæ фидæ – седзæр æй. Тæрегъæд æй, ме 'цæгæй зæгъун. Мæнæй дин, Киндзæ, неци пайда ес а уæлиуон дуйнебæл. Мела ба дин уæддæр дæ къæсæр гъæуай кæндзæнæй фудхæсгутæ 'ма давгутæй...

Ауалдзæги Хадзеумар æ сæдæ анзей æмбеси сæрти рахизтæй. Кæд, æ сабийййи бæнттæ ци æнгæртти хæццæ æрвиста Кæурæггини гъæунгтæ 'ма гъазæндæнтти, етæ ма нури уæнгæ дæр бакасти лæхъуæнти хузæн æнцæ, уæд Хадзеумари сæрбæл ба еунæг сау æрдо дæр нæбал байзадæй.

Метау уорс-уорсид исæрттивта. Ка 'й нæ фæсмæридæ, етæ ин, æ карæ базонгæй, деси бафтуиуонцæ, куд раги исуорс æй, зæгъгæ. Е 'нгæрттæ 'ма ин зонгитæ ба зудтонцæ æ уæззау царди мæгурбæнттæ 'ма ибæл æнæ зæрдæресгæ н' адтæнцæ. Уæлдай уарзтæй æй уарзтонцæ. Сæ цæстæвæрди ин устур кадæ æма æгъдау уидæ сæ алли фембæлди дæр æма æ фæсауъуонмæ дæр.

– Мах Хадзеумар ци зинтæ 'ма гъезæмæрттæн ниббухстæй, уæхæн дуккаг адæймаг зин иссерæн æй адæни астæу, – арæх таус кæниуонцæ æ лимæнтæ сæ медастæу Кæурæгги-

ни, – ке бон ни иссайдæ махæй, уой бунати разингæй, уæхæн уæзæ æ рагъи дарун? Фал бабæй уæддæр курхон фидтæлти хæццæ исарази уиуонцæ алли хатт дæр: ци æрцæудзæй, уомæн Устур Еунæг Хуцауæй уæлдай неке неци зонуй. Хъисмæт хъисмæт æй. Цитæ бавзарун кæндзæнæй адæймагæн царди медæгæ, уомæн рагацау исбæрæггæнæн нæййес.

## II

Хадзеумар ма авдæйнон адтæй, еу зуймон изæри сæ хæдзари хуссæнуати пеци согтæ кæронмæ нæма басугъдæнцæ, уотемæй хъуæцдзæуæн æхгæд æрцудæй. Пеци æскъорæ ’ма æрдæгсугъд соги æвзалуй бауæргъæдтæ уæлдæфи хæццæ исхæлæмулæ æнцæ. Уой фæууолæфгæй, мадæ ’ма фидæ фенод æнцæ ’ма сæ мардæй иссирдтонцæ. Хуцауи фæрци ма сувæллон куддæр-муддæрти дессаги ервæзт ракодта. Седзæр сабиййи Фаризæт æхемæ райста ’ма ’й æхе æртæ зæнæгей хæццæ гъомбæл кæнун райдæдта.

Берæ гъуддæгтæй, нæхъæртондзийнади дзамани, Хадзеумар, устур хумæтæг хуæнхаг бийнонти астæу цæргæй, бонæй-бонмæ æфсæйнагау æхсистæй. Рæстæг дæр размæ æ цуди кой кодта. Гъæуи астанзон скъоламæ бацудæй. Фæндзæймæгтæ ку фæцæй каст, уæд сæрдтон уолæфæн рæстæги фæллимæн æй гъæууон клуби киномеханик Бариси хæццæ. Барис ин, Фаризæти хæццæ дзурд угæй, раихæс кæнидæ, фæрсаг цуппар минкъийдæр гъæуей цæргутæн, Кæурæггини клуби кино ке уодзæнæй изæрæй, уой фæххабар кæнун. Уомæ гæсгæ ба си Барис киномæ билетти аргъ некæд есидæ. Хаттæй-хаттмæ ба ма ин, куд æ рохсаггаг фиди хуарз æмбал, уотæ еу къапек дæр февæридæ къанфеттæ æлхæнунмæ. Ахур æй кодта киномеханикки дæсниадæбæл. Сæрæн биццеу алли хуарз гъуддагмæ дæр тулаваст æма, куд не ’мбæлуй, уотæ разæнгард разиндтæй. Зæрдæргъæвдæй игъуста Барисмæ ’ма си цубур рæстæгмæ æцæг киномеханик рауадæй. Будури гъæути ести гъуддаги ку уидæ Барис æхсæвеуатæй, уæд ин Хадзеумар æ бæсти æ куст æнæкъулумпийæй бакæнидæ. Адæн æнæ киномæ бакæсгæ некæд байзадæнцæ.

Астанзон скъола каст ку фæцæй Хадзеумар, уæд æй бафæндæ адтæй хузесæги дæсниадæ райсун. Фаризæт ин æ

фæндонбæл исарази æй ’ма ’й горæтмæ профессионалон училищемæ равардта ахур кæнунмæ.

Дууæ анзей фæсте училище каст фæцæй, райста хузесæги дæсниадæбæл диплом. Уой уæлæнхасæн ба ма изæйрон автоскъолай исахур кодта шофербæл. Æ бон адтæй горæти кенæ хузесæгæй, кенæ ба хуæдтолгæбæл косун. Дууæ кустемæ дæр æ зæрдæ бæргæ дзурдта, фал еу газетти, горæти уолæфæн парки «Сæрддон кинотеатр»-мæ киномеханик гъæуй, зæгъгæ, игъосункæнуйнаг ку бакастæй, уæд уордæмæ фæрраст æй. Уоми ’й кустмæ райстонцæ. Цæрæнбунатæн дæр ин кинотеатри еу къум равардтонцæ. Бонæ цуппар сеанси æвдиста, уотемæй си æгас сæрдæ бакуста. Фæззæги, æ нæудæсæймаг анзмæ ку бахизтæй, уæдта имæ военкомат Сурх Æфсади рæнгъитæмæ фæсседтæй. Кæурæггини ин Фаризæт устур кувд искодта. Гъæуи уорсзакъæ хестæртæ æй сæ берæ хуарз гагидæутти Устур Хуцау æма Уасгергибæл бафæдзахстонцæ, е ’нгæрттæ ’ма ’й æ лимæнтæ ба зæрдæрохсæй, игъæлдзæгæй, рафæндараст кодтонцæ устур балци.

– Уæ зæрдæ мæмæ ма ’хсайæд, дигорон лæг æма нæ гъæу Кæурæггини кадæ мæ уодæгасæй сæ бунатæй нæ фæккеудзæнæнцæ. Уобæл уин дзурд дæттун, – зæрдæ син æвардта Хадзеумар нæхстæрбæл. Лæхъуæн æ дзурдæн лæг разиндтæй. Æфсади æ фиццаг бонæй фæстæмæ æнхæст кæнун райдæдта киномеханик æма хузесæги ихæстæ. Багъæуаги ин хуæдтолгæбæл бадгæ дæр рауаидæ.

Кæурæггинмæ, рæстæгæй-рæстæгмæ æфсæдтон хаййæй Хадзеумари лæгигъæдæ, хуарзæгъдаудзийнадæ ’ма æфсæдтон æнтæстдзийнæдти фæдбæл арфи гæгъæдитæ иссæуидæ. Алли хатт дæр уæхæн пъисмо бакæсгæй æй, Фаризæт æ реумæ, раст ин цума Хадзеумар æхуæдæг уидæ, уой æлхъивд никкæнидæ. Фиццаг æ цæститæ дони разелиуонцæ, уæдта æ цæстисугтæ сæрфгæй, гъарæнгæ кæнун райдаидæ:

– Е, ме ’намонд, мæ цардгъæуагæ æнсувæр, ци раги мин бабун дæ, ци раги. Дæ фæсте мин ци ’рттевгæ æстъалу ниуагътай уæлæбæл, уомæй дин ци арфитæ кæнунцæ, уой ку зонисæ, уæд дæ цирти дор дæр, зонун æй, бæргæ истонисæ дæ къохтæй ’ма æй дæхуæдæг дæхе цæститæй бæргæ бакæсисæ, фал ци нæ бон æй. Ци ’рцудæй, уой ма фæстæмæ куд раздахæн. Ке бон æй Хуцауи нихмæ тох кæнун...

ЗÆНГИОНТИ Геуæрги

## ХУЦАУМÆ ÆВÆРÆНТÆ НÆЙЙЕС

*Аци цубур радзурди*
*хабæрттæ æримисгæ æнцæ.*

Раздæр нæ гъæуи алли хæдзари дæр дардтонцæ еу, дууæ, кенæ фулдæр къамбеци. Адæн балæдæрдтæнцæ, зиндæр дарæн ке адтæнцæ, уой, æма сæ беретæ рандæ кодтонцæ. Ка сæ рауæйæ кодта, ка ба сæ æвгæрдгæ никкодта. Фалæ ма еу дууæ-æртæ хæдзаремæ ба байзадæнцæ æма сæ дардтонцæ, кæд зин дарæн адтæнцæ, уæддæр. Гъæуæн æ астæу цардæнцæ уæздан бийнонтæ. Хъиамæтгун мадæ æма фидæ исхастонцæ фондз лæхъуæни ’ма еу кизгæ. Кунæг минкъий фудæбæнтти сæрти нæ ракастæнцæ ниййергутæ, цалинмæ рагъомбæл æнцæ сабитæ, уæдмæ. Раст зæгъун гъæуй, æнæзийнадæ, кустуарзон ’ма адæнгъæдон разиндтæнцæ сæ еугур дæр. Сæ къæхтæбæл лæуунгъон ку фæцæнцæ, уæд си алкедæр æхецæн искъæсæр кодта, гъæуи си æрбунæттон æй æрмæстдæр хестæр биццеу Астемур. Тумугъ хæдзарæ исаразун исфæндæ кодта, ’ма е ’ргон кустмæ раздахта. Бонæ ’ма æхсæвæ нæ зудта, уотемæй архайдта, исæнтудта цалдæр къамбеци æ еунæг мадæ къамбецæй. Алли анз дæр сæр æфтудæй е ’ргъаубæл, цалдæр анземæ ин уотемæй фараст сæри иссæнцæ, æрмæст хæдзари ке ниууагъта, етæ. Уæйæ дæр си ракодта, ’ма хæдзарæмæ зилдæй уони фæрци. Къам-

бецти къуар зудта, хезнитæ кæми хуæздæр адтæй уой, фал фæззæги ба хезнитæ æрмæгур уиуонцæ, 'ма сæ мадæ къамбец худта, хуæруйнаг фулдæр кæми адтæй, уордæмæ. Еци рæстæги колхозон зæнхитæ æхгæд адтæнцæ телæй конд сеткитæй. Мадæ къамбец уотæ дæсни иссæй 'ма æ сиуæй сетки бун ниййахæссидæ æма 'й бæрзонд исесидæ. Бæрзонд æй даридæ, цалинмæ æ къуар бацæуиуонцæ, уæдмæ. Фæстаг бацæуидæ æхуæдæг. Изæрæй фæстæмæ дæр уотемæй рацæуиуонцæ.

Еци гъуддаг бафеппайдта Астемур, æма 'й дессагæн мæнæн радзурдта. Еу хуцаубони, сæумæй нæ гъоцитæ раскъарддтон хезнитæмæ, æма къамбецти къуар мæ разæй фæцæй. Æз гъоцитæ баскъардтон идарддæр, ме 'нгæс ба дардтон къамбецтæмæ. Хезгæ ниццудæнцæ сетки размæ, мадæ къамбец æ сиуæ рацавта сетки буни æма 'й сæрмæ исиста, къуар бауагъта, æхуæдæг дæр бацудæй æма сеткæ æ бунати æрæвардта.

Æз десгæнгæ æрбацудтæн гъæумæ, Астемури хæццæ фæййеу дæн æма ин радзурдтон, ци фæууидтон, уой. Биццеу загъта:

«Æз къуар хатти фæууидтон уоци хабар, фал син ци кæнон?»

«Дæ къамбецтæ фесафæ æма гъоцитæ исæнтауæ, цалинмæ дин ести бæллахи нæма бафтудæнцæ, уæдмæ!»

«Гъоги æхсир мæ гъæлæси донадæ кæнуй. Нæ мæ гъæуй».

Рацудæй дзæвгарæ рæстæг, уæдта рахабар æй – Астемури къамбецтæ фесавдæнцæ, зæгъгæ. Думд-дæлингæ фæцæнцæ, некæми 'ма неци. Хуцаубони æз дæр Астемури хæццæ, алкæми ка цæуй, уæхæн хуæдтолги фæххаттæн Уорсдон, Дигора, Чиколай зæнхити, Силтанухъи дууæ доней астæу, фермити, фалæ сæ фæд дæр некæми адтæй.

Колхози будури гæсти хæццæ дзубанди гæнгæй, сæ еу исрæдудæй: даргъ хуæдтолги рандæ 'нцæ æнæбæрæг æрдæмæ къуар боней разæй. Еци дзубанди нæ сагъæси бафтудта. Дуйнебæл си неци ес фермитæй уæлдай еци 'рдигæй. Ци фæцайуонцæ, кæд сæбæл адæни бæллах не 'рцудæй, уæд.

Хъæбæр фæммаст кодта мæгур косæг биццеу. Æ хъиамæттæ ин дон фæлласта. 'Ма æ фæндитæ дæр уоййидæй байзадæнцæ.

Еу цалдæр бони рацудайдæ еци хабæрттæбæл, уæдта райгъустæй æверхъау хабар: фонси ферми гæстæй еу – фæндзайанздзуд лæг Цæрай – æнæбæрæг уавæрти фæммард æй. Æхсæвæ ферми фалдзос рахаудтæй, 'ма дорбæл æ сæр æрхаста, зæгъгæ, рахабар æй. Ци гæнæн адтæй бийнонтæн, сæ зиани хабæрттæ рæвдзитæ кодтонцæ. Къумти ба цидæр нидæн радзор-бадзор игъустæй. Цума æнхæст нæ бауæндтæнцæ бийнонтæ, еске къох нæ бахъæрттæй Цæраймæ, уобæл. Фал сæ бон ба неци иссæй, уой туххæн 'ма марди фадуат æвдиста, цума æцæгæйдæр дорбæл æрцавта æ сæр.

Зиани бон гъæубæстæ æрæмбурд æнцæ, уоми адтæй, ферми æхсæвгæсæй ка куста Цæраййи хæццæ, еци Хъасум дæр. Сабур, мадзора 'ма адæнуарзон лæг. Æнгæрттæ 'ма æнбæлттæ адтæнцæ Цæраййи хæццæ. Бæрæг адтæй, лæг хъæбæр ке маст кæнуй, сæргубурæй лæудтæй мæрдадзи, æ цæстисугтæ æ фæлорс ростæбæл уадæнцæ. Мæхе имæ хæстæг баистон, мæлæти ивайæнтæ кодта. Цæйбæрцæдæр рæстæги фæсте мæмæ цидæр исдзурдта, 'ма æй æнхæст нæ ралæдæрдтæн – нидæн куд кодта, 'ма æ дзурдтæ æ хъурæй æнхæст нæ хаудтæнцæ.

– Нæ дæ фегъустон, Хъасум, бахатир мин кæнæ.

– Аци мард берæ дессæгтæ æ хæццæ фæххæссуй, – зæгъгæ, исдзурдта.

Еци рæстæг зиани фæдбæл дзорун райдæдтонцæ, 'ма нин нæбал бантæстæй радзубанди кæнун. Адæн, куд фæуууй зиани рæстæги, уотæ бамбурд æнцæ, 'ма нæ кæрæдземæй фæххецæн кодтонцæ.

Хъасуми дзубанди мæ зæрдæбæл бадардтон, цидæр мæ тухсун кодта, 'ма еу изæр кустæй мæ над уонæбæл ракодтон. Куд разиндтæй, уотемæй лæг зиани фæсте æ зæрдæй батухстæй 'ма сæйгæдонæмæ бахаудтæй. Еци фæдбæл разилдтон мæ хуæдтолгæ, 'ма ниууадтæн сæйгæдонæмæ. Хъасуми дзæвгарæ хуæздæр уавæри ниййафтон. Сæйгæдони тургъи бадтæй æхе хузæн сæйгити хæццæ 'ма тауæрæхътæ кодтонцæ.

Еци изæр мæ хæццæ берæ фæдздзубандитæ кодта, æ гурусхитæ мин радзурдта.

– Цæрай еци æхсæвæ гъæуама кусти адтайдæ, мæн æййивта, фал æй рауагътонцæ хæдзарæмæ, нур æй куд лæдæ-

рун, уомæ гæсгæ, – загъта Хъасум, – цæмæй хебæраги сæ æверхъау куститæ бакæнонцæ, уой туххæй. Æвæдзи, колхози будургæс къамбецтæ ферми фонси хæццæ бафтудта, куд колхози фонс, уотæ.

Кустæй еумæ рацудæнцæ Хъасуми хæццæ, 'ма Хъасум сæхебæл исæмбалдæй, Цæрай ба æрдæгнадæй раздахтæй, æ къесса феронх кодта хæдзари дæгъæлти хæццæ. Е 'намондæн сæ размæ фæцæй. Фæууидта, фонс куд цурхтонцæ хуæдтолгити, 'ма сæ куд ластонцæ, уой. Æрæстæфтæй, æвæдзи, сæ астæу къамбецтæ адтæй, уой дæр. Бæрæг ибæл адтæй, алцидæр ке балæдæрдтæй, еци гъуддаг.

– Иннæ сæумæ, раги кустмæ цæугæй, мæбæл фембалдæй Габо. Æрмæст уæгъдæ хæдони тагъд-тагъд уадæй гъæуæрдæмæ 'ма мин мæ салам игъосгæ дæр нæ фæккодта. Фал мæ цæстæ æрхуæстæй, æ хæдони дустæбæл тоги æртæхтæ ке адтæй, уобæл. Фермæмæ ку бахъæрттæн, уæд бон рохс кæнун райдæдта, æзмæлæг си неке ма адтæй. Тургъæмæ ку бахизтæн, уæд ферми фæстейæй куййи неун мæ гъостæбæл рауадæй, 'ма уоци 'рдæмæ ниццудтæн. 'Ма дин дæ фудгол уотæ! Ме 'мбали иссирдтон мардæй, дортæбæл уæлгоммæй лæудтæй, æ фæллад цæститæ арвмæ исзилдта, уотемæй. Уæдмæ гъогдоцгути къуар æрбахъæрттæнцæ, 'ма мин мæ гъæрмæ æрбамбурд æнцæ.

Нигъгъос æй дзорæг, 'ма æ цæстисугтæ æ къохи уæлфадæй расæрфта...

Цума Цæраййи мæлæти сосæгдзийнадæ нигæд æрцудæй æ хæццæ, уотæ зиндтæй, фалæ хумæтæги нæ байзадæй дзурдæн: «Хуцаумæ æвæрæнтæ нæййес», – зæгъгæ...

Рацудæй анз Цæраййи мæлæтбæл. Ферми хецау Хъайтухъ æма Габо сæ кусти бунати кустонцæ. Ферми хуарз хабар игъустæй æгас республикæбæл. Цард идарддæр цудæй.

Ферми фонси астæу дзæбæх хуæрзхаст æртигæрдуг богъа адтæй. Уæлдай зилд имæ цудæй, 'ма сау хонхи хузæн адтæй. Тургъæмæ уагъд некæд цудæй. Еу бон ку скодта, уæд Габо тургъи цидæртæ куста, уотемæй ба богъа фæууæгъдæ 'й, 'ма дуæрттæ æ сæрбæл рахаста. Лæги рампурста æ буни, æ сиутæй ин æ ронбаст райахæста, 'ма æй къозой æнтъухт искодта. Лæг æверхъау хаудт æркодта, раст Цæраййи ци дортæбæл иссирдтонцæ, уонæбæл, 'ма ниххæрнæгъ æй.

Уобæл нæ банцадæй «сау хонх», ’ма и лæги мардбæл къæхтæй фæххаттæй, цалинмæ æй трактортæй раеуварс кæнун бантæстæй косгутæн, уæдмæ.

Дууæ косæги еци богъа трактортæй Габой разæй расурдтонцæ. Æ рæхисæй æй трактори фæсте тухамæлттæй ниббастонцæ æма ’й раеуварс кодтонцæ. Хъайтухъ Габой размæ бацудæй, æркастæй имæ – лæг адтæй мард. Æгас гъæуи фæххабар æй, богъа, зæгъгæ, ферми бунæтти дуар ратудта æма Габой æ буни ниммардта. Милици дæр уæхæн тæрхон рахастонцæ, æма адæн еци гъудибæл æрсабур æнцæ.

Фонсмæ кæсæг лæгтæй еу загъта: «Габойæн бийнонтæ хист кæндзæнцæ, æма сæмæ кенæ косæрттагæй фæккæсæн, кенæ син и богъай фид балæвар кæнæн».

Косгутæ æмбурдæй дæр исарази æнцæ, богъа æхст æрцудæй, ’ма ин æ фид балæвар кодтонцæ зиангун хæдзарæн.

Хъайтухъ ма еу цубур рæстæг ракуста, уæдта хæлхъой кæнун райдæдта. Хуссæг ибæл нæбал цæфстæй. Æ цъумур гъудтæгтæ, Цæрай æма Габой мæлæт æ цæститæбæл уадæнцæ.

Цубур рæстæги фæсте зундæй фæккиудтæй, фæсмæргæ некебал кодта æма уотемæй гъæунгти рахау-бахау кодта...

## ГЪÆДÆМÆ СОГМÆ

Гъæуи фæсте донуордæг гъæдрæбуни хезнитæ адтæй. Алли сæумæ дæр хорискасти хæццæ адæн сæ фонс донуордæг фæккæниуонцæ, цæмæй сæумон сатæги уæрæх будури цъæх зæлдæ кæрдæгæй сæхе дзæбæх бафсадонцæ, ’ма синæр исцæгъдонцæ. Мæ фидæ, сæрди уарунтæ ку фæййевгъуиуонцæ, уæд баефтиндзидæ галтæ, ’ма рагацау зумæгмæ соги мæтæ бакæнидæ. Фал, алкæд лæги куд фæндуй, гъудтаг уотæ нæ рауайуй. Еци анз къулумпитæгонд æрцудæй, ’ма согти хабæрттæ æрæгвæззæгмæ байзадæнцæ.

Иннæ куститæй ку ’суæгъдæ ’й, уæд еу бон хорискасти агъоммæ баефтигъта галуæрдун. Мæнбæл цудайдæ еуæхсæз анзи. Хъæбæр ин ниллихстæ кодтон, ’ма мин загъта: «Биццеу, зин кусти сæргъи уодзæнæн, ’ма мæ дæумæ нæ евдæлдзæй».

КЪИБИРТИ Амурхан

## ÆРÆГВÆЗЗÆГ

Æрцæй æрæгвæззæг, æрцæй, –
Калуй и гъæдæ æ бор фес.
Гъæддон мæргъти концерт фæцæй,
Фæцæй мæлгъити цъеувæдес.

Уазал æртæхæй сæлфунæг
Гъæди мæкъурмæ рæдæдзуй.
Цума, зæронд лæг-æрхунæг,
Къæдзой лæдзæгбæл æркъæдзæ й.

Мæлгъæ гъæдæбæл уозæлдæй, –
Æдта, ци йгъæлдзæг æй дардта!
Æ зар уæларвмæ азæлдæй…
Кæд гъæдæ æхуæдæг зардта?!

Уинуй и гъæдæ нур фудфун, –
Æнцæ æ мæститæ хъурмæ.
Кæнуй рохс сæрдæбæл æрхун, –
Маргъбæл нихгæд киндæй къума.

Кæд ма ефстагмæ базаруй,
Халон, фудонхи хæтæлдар.
Æрмæст, уой зари азарæй
Кæнуй и гъæдæ мæтъæлдæр.

## ЗУМÆГ ГЪÆДИ

Ниддæвдæг æй сау гъæдæ, –
Зумæг ибæл сагъудæй.
Тогдзух сирдтæ фудбони,
‘Слимæн æнцæ хуггони.
Хуссунцæ хъурæй-хъурмæ,
Листæнти, æнæ хъурмæ:
Берæгътæ 'ма тæрхъостæ,
Арс æма тъæфилгъостæ,
Бургутæ 'ма узунтæ…
Уинунцæ зæрин фунтæ.

## ÆХСÆЙВОН АРВМÆ КÆСГÆЙ

Ци арфи æй арви æрфæ,
Цъæх-цъæхидтæ – арви тæрфæ.
Æстъалутæй – гулфæн зæйæ.
Уази цъонгбæл – æрхи мæйæ, –
Харбузи карст – æрдæг æхсид.
Мегъи бæндзуг, æ уорс æхсир,
Даруй, цума, уорс уæриккæн.
Нæ, фалæ ма – бор сæниккæн.
Ра мæ дауй сосæг думгæ.
Мæ цийни хай – къосæй цумгæ.
Радзæгъæл дæн Таги тæрфи, –
Ранигъулдтæн арви æрфи.

* * *

Фæццардан æууæнкæй, –
Ниуазтон дæ ниуазæн.
'Ма мин, кæд, марг дардтай,
Уæддæр мин
Ку кодта муди адæ.

Мæ æуууæнд фæммæнгæ 'й!
Гъе нур мин дæ ниуазæн,
Муд ку феста, уæддæр,
Кæндзæнæй,
Ци фуддæр марги адæ.

## МÆ ФÆНДАГСАР ÆСТЪАЛУ

*«Плачет звезда, холодея*
*Над крышей сарая».*
*Н. Рубцов.*

Ох, а-йанз ци метгун æй,
Ниууардта æгæр берæ.
Ку ниннеуй фæрбунæй,
Гъизт зумæг – гæбæр берæгъ.

Ниффæркитæ æй зæнхæ.
Думги зар – уазал пеци.
Зуймон хори хуарзæнхæ
Ку неци æй, ку неци.

Гъизт цæуй гъизтдæр гæнгæ, –
Æргъæвст цъеути нистъалуй.
Ду цæуис ирддæр гæнгæ,
Мæ фæндагсар æстъалу.

* * *

Кумæдæр мин цæугæ ‘й.
Дзæгъæли ма телун мæ базуртæ, –
Ниммæгур гæвзук дæн.
Æ мæлæт æрцæугæй,
Ци мулдзуг бацæгъдуй æ базуртæ, –
Кæд еци мулдзуг дæн.

# НÆУÆГ ТÆЛМАЦТÆ

ГÆЗДÆНТИ Гайто

## ФРАНЦУЗАГ ЗÆНХÆБÆЛ[1]

Фæстаг бон, мæ киунугæ финст ку фæцæй, уæд си райстон финстæг, уоми ба – нæуæг хабæрттæ. Уой размæ дæр сæ зудтон, фал мин сæ дзурдтонцæ, капитан Александри туххæй игъосгæ ка фæккодта, етæ. Сæ растдзийнадæбæл дузæрдуг нæ кодтон, фал информаци æхецæй ке н' адтæй, уомæ гæсгæ сæбæл финсун ба мæ бон н' адтæй. Нур ба мæмæ финста æхуæдæг.

Гермайнаг уацарæй ку ралигъдæй, 'ма Францимæ ку 'рбаздахтæй, уæд кустмæ бацудæй французаг электрикон кустуатмæ.

Еци райони Французаг Нихмæлæуди сæрдар уогæй, берæ ихæслæвæрдтæ æнхæст кодта. Сæ сæйраг нисан адтæй еци устур станций кусти къулумпитæ аразун – немуцæн хъæбæр устур зæран к' адтайдæ, уæхæнттæ. «Уомæн ба адтæй еунæг мадзал – цементæй цæгиндзитæ рæмодзун, бæрзонд итингади ток кæбæл цæуй, уой». Æнæмæнгæ 'й, е адтæй хъæбæр тæссаг, фал ин цал хатти уæхæн равгæ фæззиннидæ, уал хатти сæ рæмугъта.

[1] Идарддæр. Райдайæн аци анзи "Ирæф"-и 1-аг æма 3-аг номерти.

(Ами ба мæ фæндуй, ку бадзубанди кæнианæ кæцидæр дзурдти нисанеуæгбæл, зæгъæн, «равгæ».) Равгæ æрмæст уомæн адтæй, мæлæтæй тасдзийнадæ ка нецæбæл нимадта. Иннетæн ба еци равгæ н‘ адтæй. Нæдæр си романтикæ ес, нæдæр – декоративон бæгъатæрдзийнадæ, неци, æрмæст сабурзундæй техникон зиндзийнæдтæ ниннисан кæнун. Ке нецæмæ æрдарун æмбæлуй, еци еунæг фактор – мæлæт, фиццаг, æртигкаг, кенæ фæстаг ампъез гæнгæй. Цементæй цæгиндзитæ, цид, рæмугъд æрцæуиуонцæ, электрикон æхсæнади косæг ба хилæ кодта гъæуайгæнгути хæццæ, гъома, лæгъуз косетæ, æма «хъонц кодта», уæхæн уавæрти хъæбæр зин косæн æй, зæгъгæ. Æвæдзи, немуц сæхе фудгинæй æнкъардтонцæ еци раст косæги рази.

Хуæздæр-хуæздæр ци бакодта, е ба адтæй сæйраг трансформатори исрæмугъд, – немуц æхсæвæй-бонæй ке гъæуай кодтонцæ, æ алливарс ба электрикон ток кæбæл цудæй, уæхæн телтæй æхгæд. Нецæмæй ин тæссаг æй, зæгъгæ ‘й нимадтонцæ немуц, æппундæр син дузæрдугкаг н’ адтæй е. Уотæ гъуди кодтонцæ, трансформатор ку «стахтæй», еци усми уæнгæ.

Куд ин бантæстæй еци телин горенбæл бахезун, немуцаг гъæуайгæнгути басайун? Æ цардæн тæссаг ке адтæй, уобæл басастæй уой фæсте. Фал æй ниддессаг кæнæ, зæгъгæ, уобæл ба неци хузи исарази адтайдæ: «Гъай-гъай, мæлæтмæ цæттæ адтæн, фал, куд уинис, уотемæй уодæгас дæн».

Уодæгас æй, уомæн æма æ нивæ уотæ адтæй. Еуей дæр ма зудтон, е дæр уруссаг экспедицион корпусæй. Проспер – æ фæсномуг. Антон Васильевичмæ хæстæгдæр к’ адтæй, уонæй. Æ ихæс адтæй, уацарæй ци советонтæ раледзиуонцæ, уони хæццæ фиццаг фембæлд, æма знаги провокацитæмæ дæр цæттæ адтæй. Цъоппидзаг поезди багаж ласæн вагони фронтмæ ци партизанти къуар рандæ ‘й, уони разамонæг адтæй (сæ кой ма син кодтон). Уомæ дæр тасдзийнадæ æгиритдæр нæ хъæрттæй, Александри хузæн, – трансформатори исрæмугъд ке фæрци къохи бафтудæй, – фал а ба, е ‘намондæн, æнæнивæ разиндтæй; ку некæдбал фе-гъосон Проспери гъæлæс, уомæй тæрсун; некæд зæгъдзæй: – «Куд уинис, уодæгас дæн», – зæгъгæ. Некæд

радзурдтон сæ хæццæ, ци игъауги ес советон æма Европи политикон режимти астæу, фал, цид, еци фарстатæ ма фæззиндтайуонцæ, уомæн дæр уæн н' адтæй. Уой фæсте ба 'й балæдæрдтæн, еци фарстай сæйраг ци адтæй, уой: и режими арæнтæ не 'нкъарунцæ, æндæр хузи гъæуама куд уа, куд ин ес гæнæн, уой нæ лæдæрунцæ. Европи аци фарстатæ хумæтæгтæбæл нимад æнцæ: баради, æхсæнадон, экономикон, уонæн ба сæ сæри къуми дæр нæ фæззиннунцæ: сæ царди уагæ, куд цæрунцæ, цæмæй æма цæй медæгæ, æрмæст е сæмæ кæсуй раст æма уагæбæл, æндæр уæн ин нæййес, æма уобæл дзубандитæ ба – рæстæг дзæгъæли цъæхуæл кæнун. Сæхе арæнтæй рахезгæй, ци гæнгæ 'й, куд уодзæй, ци уодзæй, уомæн неци зонунцæ. Фулдæр хатт сæ къæбæри сагъæс кæнун нæ гъæуй, есдзийнадæбæл тухсун; мизд есунцæ, уой фæсте – пенси; алли фарстай алцæбæл хъæртæг, алци зонæг паддзахадæ сæ фарс лæууй. Паддзахади авторитет сæмæ æй хъæбæр бæрзонд æвæрд, æгиритдæр ибæл сек нæ кæнунцæ. Зонунцæ 'й, кæми фæнди ку уонцæ – зæнхи, е дони буни, Цæгатаг Полюси, Арктики ехбæл, – фæссин æнхус кæндзæнцæ, фæссæмæ кæссæнæнцæ.

Парадокс: советон цардарæзт, æ кустади фæххуæздæр кæнуни берæвæрсуг фарстатæ, тæккæ нæуæгдæр машинттæ, рационализаци, пропагандæ 'ма информаций егъау аппарат, зингæ экономикон модернизм, – е еу æрдиги, иннердиги ба, æхсæнадон æгъдауæй – патриархалон системи хузæн цидæр, – уруссаг историйæн уомæ турнундзийнадæ æй æ минеугутæй еу. «Сумах айтæ нæ фиддæлтæ, мах – уæ зæнæг». Уотæ униау æй, 'ма рæстæгмæ политикон нисанеуæги фæстеуæг нæ 'й е, фал еугъæдон, æнæййевгæ цидæр, – националон мон ке хонунцæ, уруссаг адæнихатти минеуæг. Аци тугъд, æмбал кæмæн н' адтæй, бæлвурдæй равдиста уруссаг паддзахади уоци аспекти минеуæг – астæуæй æндæмæ томаргæнæг устур тухæ – адæнти æнæфæууингæ буцæуæн кæрон рагацау ка 'сбæлвурд кодта, е.

# НÆ ФИДДÆЛТИ ИСТОРИÆЙ

МАЛХЪАРТИ Нателлæ

## 1. НÆ РАГФИДДÆЛТИ УЕДÆГТÆ

Беретæ уотæ гъуди кæнунцæ, гъома, дан, сæ рагфидтæлти уедæгтæ кæцæйти рацудæнцæ, уони исбæлвурд кæнун хауй æрмæстдæр бонгинтæмæ. Æма кæмидæрти раст дæр æнцæ, уомæн æма гъæздугутæй беретæ архайунцæ сæ муггæгти истоий ратæдзæн исбæраег кæнунбæл, уæдта сæ къохи æфтуйгæ дæр кæнуй. Нуртæгки доги дæр еци куст берети зæрдæмæ цæуй, моди хузæн фæцæй, сæ рагфидтæлтæ кæмæн кæцæйти рафтудæнцæ, уони ибæлвурд кæнун. Е хауй берæ адæнихæттитæмæ, æрмæстдæр Иристонмæ нæ. Махмæ – Дигорæ æма Ири – алли бийнонти 'хсæн дæр фæлтæрæй-фæлтæрмæ цæугæ цудæнцæ хестæрти дзубандитæ сæ муггаги равзурди тухxæн, куд цардæнцæ, тогхæстæг ке хæццæ адтæнцæ æма æндæр таустæ. Зундгонд академик С. Шмидт уотæ финста: «Райгурæн зæнхæмæ уарзондзийнадæ комкоммæ баст æй муггæгти ратæдзæнти истоий хæццæ».

Махæй алке бон дæр æй æ муггаги ратæдзæн исбæлвурд кæнун. Цума уомæн ци гъæуй?

Фиццагидæр, лæмбунæг бафæрсун фæгъгъæуй, муггаги хестæртæй ма æгас ка æй, уони æма син сæ дзубандитæ ниффинсун, рагон документтæ æма хузиститæй ма бийнонтæмæ ка байзадæй, уони исахур кæнун.

Кæдæй интернет фæззиндтæй, уæдæй ба урух фæндаг байгон æй берæ Паддзахадон архивти документтæмæ, адæнæн фадуат фæцæй хестæрти радзубандитæ документалон æгъдауæй фæббæлвурддæр, æма барастдæр кæнунæн. Архивон гæгъæдитæ нин æнхус кæнунцæ нæ рагфидтæлти цардиуагон хабæрттæ фæббæлвурддæр кæнунæн, сæрмагондæй ба сæ æнкъаййадæ, нимæдзæ, сувæллæнтти бæрцæ, цæйбæрцитæ фæццардæнцæ... Нæ бон æй базонун сæ райгурæн бон, анз, киндзæхсæвæр, рамæлæти бон, амунд рæстæг, кæд ци цаутæ æрцудæй.

Еци еугур бæрæггæнæнтæ нæ къохти ку бафтуйонцæ, уæд хъæбæр æнцонтæй нæ бон исбæлвурд кæнун уодзæй, нæ фидтæлтæй ка кæмити цардæй, уæдта кæци æнзти, уонити. Уотемæй ба муггаги бæрæггæнæнтæ дæр æнцондæр раæртасæн уодзæнцæ.

Еци документтæ махæн æнцæ хъæбæр ахсгиаг, уомæн æма нæ рагфидтæлти хъисмæт, сæ цард, нæ райгурæн бæсти истори уонæмити финст æй. Цубур дзурдæй, нæхе истори.

Нæ республики Сæйраг архиви косгæй, нæ къохтæмæ æрбахаудтæнцæ, Иристони адæн сæхе дзиуарæфтуд ку кодтонцæ, еци рæстæги гæгъæдитæ, бæлвурддæрæй ба, 1830 анзæй фæстæмæ нæлгоймæгти метрикон финститæ. Не 'гасемæн дæр зундгонд æй, Иристон Уæрæсей хæццæ ку баеу æй, уæд, куд хуæнхбæсти, уотæ будури гъæути цæргутæй дæр беретæ райстонцæ киристон дин.

Иристон Уæрæсей хæццæ ку баеу æй, уæд 19-аг æноси райдайæнти Дигорон æхсæнади баделятæ æма зæнхкосгути æхсæн буцæутæ раеудагъ æй зæнхитæбæл.

Баделятæ куд нимадтонцæ, уомæ гæсгæ Дигори зæнхитæ еугурæй дæр адтæнцæ уони бæрни.

Уой фæдбæл еу æма дууæ хатти нæ ниффинстонцæ мæгур зæнхкосгутæ уруси хецауадæмæ, уомæн æма сæ зинвадæтти цардæй хъæбæр исфæлмæцтæнцæ.

Æппунфæстаг, 1852 анзи Уæрæсей паддзах Николай I манифестмæ гæсгæ Тъæпæн Дигорæ дехгонд æрцудæй дууæ хаййебæл: Киристонгъæу æма Пусулмонгъæутæбæл.

Анзи фæсте Киристонгъæуи цардæй 160 хæдзари. Цалдæр анзей фæсте ба си арæзт æрцудæй аргъауæндонæ. Киристон дин ка райста, еци дигорæнттæн фадуат фæцæй Владикавка-

зи Александри номбæл миссионерон Духовон семинарий ахур кæнунмæ. Уоми фиццæгти хæццæ адтæнцæ: Атайти Н., Æфсæрæгти Ф., Хъибизти Б., Тотойти В., Цæголти Г., Гарданти П., Токати А. æма æндæртæ.

Сæ нимæдзæ фулдæр кодта Дигоргоми гъæути аргъауæндæнттæн дæр. Зæгъæн: Гæлиати – Геуæргий номбæл аргъауæндонæ (саугинæй си куста Басити Геуæрги), Мæхчески Сугъдæг – Николаййи номбæл (саугин – Лаврентий Церетели), Секери – Сугъдæг – Геуæргий номбæл (саугин Доцоти М.), Киристонгъæуи (саугин Цæголти – А.). Куд уинæн, уотемæй саугинтæн сæ фулдæр адтæнцæ дигорæнттæ – Духовон семинарий раздæри ахурдзаутæ.

Архиви байзадæй, рæстæгæй ка фæббор æй, уæхæн къохæйфинст гæгъæди. Уоми æнцæ, æндæр æууæндундзийнадæй киристон динмæ ка рахизтæй, уонæй кедæрти нæмттæ, муггæгтæ (киристон динмæ сæ есгæй син, ци нæуæг нæмттæ лæвардтонцæ, етæ).

Уотемæй, зæгъæн, Хъибизти муггаги фæдонтæ зудтонцæ, сæ рагфидтæл Захарий ке хундтæй (Фацбаййи фурт), 1856 анзи игурд, уой. Уогæ, ку райгурдæй, уæд ин ном лæвæрд æрцудæй – Генардухъ.

Дæлдæр æрхæсдзинан цалдæрей нæмттæ, 1851–1866 æнзти киристон дин ка райста, уонæй; уæдта нæ дингæнгутæй дууей хузтæ.

Гарданти Цæраййи фурт Аслæнгери – Сергей;
Елехъоти Мæхæмæти фурт Омар – Симон;
Къорнати Басили фурт Хъудайнат – Моисей;
Никколти Сабани фурт Саукуй – Илья;
Къорнати Бæреги фурт Дзанхот – Александр;
Тобойти Мутули фурт Мæрзахъул – Михаил;
Хъубадти Тотой фурт Саухал – Савели;
Бибойти Дзабой фурт Фацбай – Евфимий;
Цалити Самури фурт Гуйман – Геуæрги;
Цалити Самури фурт Хъамболат – Гаврил;
Акъоти Дабани фурт Загкери – Борис;
Нигколти Сабани фурт Саукуй – Илья.

Нигкидæр ма дзиуарæфтуд æрцудæнцæ Тæкъоти Цæраййи, Гъуцъунати Айдарухъи, Едзати Базурухъой, Елбайти Тасой æма берæ æндæрети фурттæ.

Махмæ гæсгæ, аци æрмæг устур агъаз фæуæуодзæнæй беретæн сæ рагфидтæлти истори æма ратæдзæнти бæрæггæнæнтæ нигки лæмбунæгдæрæй раæртасун æма исбæлвурд кæнуни гъуддагæн.



Дигурти Гаго



Цопанти Никъала



Тохъайти Къосма, Æрæдони семинарий саугин, 1886 анз

# ПУБЛИЦИСТИКÆ

СОБИТИ Инал

## ДИГОРИ КОМ[1]

### ИУАЗÆГÆН КАДÆ КÆНУН ÆМА ХАУÆГГАГ БУРХАНИ ТАУÆРÆХЪ

Дигорон адæни иуазæгуарзондзийнадæбæл берæ дзубандитæ конд æма финст æрцудæй. Уæддæр мæ фæндуй, мæ балцити рæстæги, 1899 анзи мæхемæ ци хуарз цæстæй кастæнцæ хуæнхæгтæ, уой туххæй æрдзорун. Дигоргоми кæбæлдæриддæр фембæлинæ, е – хæдзари уа, е – хуасæ кæрдуни рæстæги хуасгæрцити, е ба – надбæл цæугæй, етæ мин зæрдтагон салам лæвардтонцæ. Мæнæн алкæмидæр кодтонцæ устур æгъдау, – райдайæ мæ фусунтæ – Хамихъотæй, æма сауæнгæ Хæреси уалдæнгæ. Хæресмæ цудтæн сæрдтон хезнæ, уæдта хуасдзаути бунатмæ Гетъоти Дзанхотмæ. Уæлдæр æй куд загътон, уотæ Дзанхотæй финстон зартæ ’ма тауæрæхътæ. Уæд е адтæй фиййау. Еу хатт, мæ цæстити рази Хæресæй устур ехи къæртт рахаудтæй æма ин æ дзогæй 70 фуси ниццагъта. Кæд фид хъæбæр берæ адтæй, уæддæр мин Дзанхот сæрмагондæй фус равгарста. Бæргæ ’й нæ уагътон, фал мин загъта: «А иуазæгæн æй, етæ ба сайтани куст æнцæ.

[1] Идарддæр. Райдайæн аци анзи «Ирæф»-и 2-аг æма 3-аг номерти.

Иуазæг ба – Хуцауи иуазæг æй». Нæуæггъæуи мæмæ алли бон дæр еске æрбацæуидæ Хамихъотæй, кенæ сæ хæстæгутæ ’ма синхæгтæй. Хаттгай мæ хуссæни хъанæй дæр æрбаййафиуонцæ æма мин фæдздзориуонцæ ести тауæрæхътæ, аргъæуттæ, зартæ, уадзимистæ, цалинмæ бафунæй уинæ, уæдмæ. Гъуди ма ’й кæнун, куд хъæбæр æфсæрми кæнинæ, ку бафунæй уон æма æ зæрдæ ку фæххода, зæгъгæ, уомæй.

Иуазæгмæ хуæнхæгти ’рдигæй уæхæн хуарз цæстингас æнцон балæдæрæн æй. Фусун нимадта иуазæги Хуцауи иуазæгбæл. Хуцаубæл æуууæнкæ ба сæмæ уæлйау ивæрд адтæй. Æрбацæуæг хæдзари ци ’рбаййафа, уой ин æ рази æрæвæриуонцæ, æма си зæрдихудт некæцирдигæй адтæй. Иуазæгбæл къæбæр æма цæнхæ римæхсун нæ фидтæлтæмæ устур ходуйнагбæл нимад цудæй.

Дигорон тауæрæхъти ахид æмбæлуй, Хуцау Уасгергий зæнхонтæмæ куд æрветуй, цæмæй син сæ иуазæгуарзондзийнадæ базона. «Къудари зæронд лæги» зари Уасгерги уорсрехæ зæронд лæги хузи, мæгур дарæси, гъæздуг фиййаумæ æрцудæй бафусун кæнунмæ. Е æй ку нæ бауагъта, уæд идарддæр рандæ ’й æма зæронд къудайраг фиййаубæл фембалдæй. Уомæ ба адтæй еунæг фус, е дæр – Уасгергий нивонд. Къудайраг зæронд лæг Уасгергибæл бацийнæ кодта, иуазæг – Хуцауи иуазæг æй, зæгъгæ. Æ еунæг фус ин равгарста, дзæбæх æй фæххинста, уæдта ин уат ракодта æма ’й ниххуссун кодта. Сæумæй зæронд лæг ку систадæй, уæд Уасгергий æ хуссæни нæбал баййафта. Æ иуазæг кумæдæр æрбайсавдæй. Къудайраг æндæмæ ракастæй æма фурдесæй æ цæститæбæл ниххуæстæй – е ’стойни уорсфанс фустæн ниггæнæнтæ нæбал адтæй. Уæд зæронд лæг балæдæрдтæй, Уасгерги ке адтæй, уой æма низзардта.

Дæлион дуйней дæр иуазæг ка нæ уарзуй, етæ æфхуæрд баййафунцæ. «Бæхфæлдесуни» кадæнги ес уæхæн дзурдтæ: «Никкидæр идарддæр ку рандæ уай, уæд бахъæртдзæнæ еу уосæмæ. Æ рази нартихуари кæрдзинæй æндæр неци ес». (Цæмæн, уой дæр уин зæгъдзæн). Æ рази уой туххæй неци адтæй, æма иуазæгмæ уæлæбæл лæгъуз цæстæй кастæй. Мæрдти æй уæхæн адæймаг фæффедуй «фæндагсодзæг хузесæгæй». Æригъосун имæ не ’нгъезуй, æ фæрсти раевгъуйæ!

Дигорон хæдзари иуазгутæн дардтонцæ хецæн уат – иуазæгдонæ. Уоми фæууй кæдзос гъæццол, гобан, къохмæрзæн, сапойнæ, дзабуртæ, хъувгъан, гъæддаг сæгъи, кенæ саги цар ламаз кæнунмæ (пусулмæнттæн). Иуазгутæ берæ ку уиуонцæ, уæдта синхæнттæй райсиуонцæ хуссæн дзаумæуттæ. Уотæ дæр уидæ, æма иуазгути синхæнттæбæл райуариуонцæ æрæхсæвеуат кæнунмæ. Уæхæн тумугъ уидæ киндзæхсæвæр, кенæ зиани рæстæги. Хуæнхти иуазæгдонæ фулдæр хатт уидæ сæрккаг уæладзуги. Фæрстæбæл ауигъдæй лæудтæнцæ аллихузон хуæцæнгæрзтæ æма рæсугъдгæнæн дзаумæуттæ.

Иуазæг бацудайдæ кæмæфæндиййдæр. Фал арæхдæр æрлæуууиуонцæ сæ хæстæгутæ æма зонгитæмæ. Гъæуи æрфусун кæнунмæ хеуон ку нæ разиннидæ, уæдта æ бон адтæй кейфæндуй хæдзарæмæ бацæун. Æ зæрдæмæ ци къæс фæццæуидæ, уордæмæ гъæуама бахуастайдæ æма биййнонтæй ескæмæн балæдæрун кодтайдæ, фусун мæ гъæуй, зæгъгæ. Бафæрсидæ, – нæ мæ баиуазæг кæндзинайтæ, зæгъгæ, æма фегъосидæ дзуапп: «Иуазæг – Хуцауи иуазæг. Медæмæ».

Иуазæг бæхбæл ку уа, уæд ин æнæзонгæ хæдзари размæ саргъæй æрхезун не ’нгъезуй, цалинмæ ин «медæмæ» зæгъæг фæууа, уæдмæ. Фусун райсуй æма бакæнуй бæхбæттæнмæ иуазæги бæх. Бæхбæттæн фулдæр хатт фæуууй тургъи сагъд. Тæрсæ бæласи лух сæрæй гъæуама сагелæ цæнгти хæццæ уа идонæ багæлдзунмæ. Иуазæгæн æ нимæт, баслæхъ æма дамбаца райсунцæ ’ма бахæссунцæ иуазæгдонæмæ. Уайтæккæ дæр хинцунмæ цæттæ кæнунмæ фæййагайунцæ. Фулдæр хæдзæртти цæттæй дардтонцæ иуазæги хай. Уотæ дæр уидæ, æма хæдзарæ æхе сувæллæнтти æрауазидæ хуæрдæй еци ’гъдаумæ гæсгæ. Хæдзари, хуæздæр ци уидæ, уой ниввæриуонцæ, еске нæмæ ку ’рбацæуа, зæгъгæ. Уæхæн æнæнгъæлæги иуазгутæ арæх уидæ дигорæнттæмæ æма еци гъуддаг биййнонти усхъитæбæл уæззау уаргъæй уæзтæй.

Алли хуарз æгъдау дæр æнаййепп кæми ’й? Ахид цудæй мæгур къæсмæ фудгæнæг иуазæг дæр – бæхдавæг, магоса, æнæхуæрзгъон. Иуазæгæн алке бон æгъдау кæнун н’ адтæй рагон дзамани. Уомæ гæсгæ фæззиндтæй æмбесæндтæ дигорон адæнмæ.

1. «Иуазæг æртæ бони иуазæг æй».
2. «Иуазæги фæрци фусун дæр бахуæруй».
3. «Иуазæг – фус, фусун – берæгъ».
4. «Иуазæг – цæттæ, фусун – æдзæттæ».
5. «Иуазæг иуазæги нæ уарзта, фусун ба – сæ дууей дæр».
6. «Иуазæг гъæнтæ бæрæг кæнуй».
7. «Иуазæг фусуни барæ».
8. «Иуазæг – тухгæссæг».
9. «Иуазæг фæндонæй нæ ‘й».
10. «Æнафони иуазæг фидбилиз хæссуй».
11. «Алли мæгур дæр Хуцауи иуазæг æй».
12. «Иуазæгæн е ’ргомæй æ къилдун хуæздæр æй».
13. «Иуазæги æрцæун æхцæуæн кæмæн æй, е куй æй, æрцæугæй ба ’й хуарз ка нæ фæууина, е ба – дууæ куййи».

Аци æмбесæндтæй бæрæг æй, иуазæгæн æгъдау кæнун, куд фæстагмæ, уотæ нидæнгæнгæ цудæй.

Б. Пфафф финста (кæсæ: Сб. свед. о Кавказе», 198-аг ф.): «Встречая гостя с приветливостью и осыпая его сладкими словами, хозяин не чувствует к нему ни малейшего расположения, напротив, большей частью ненавидит его и рад от него избавиться, по возможности, скорее». Пфафф еци гъуддаг æрæстæфтæй 70-аг æнзти. Уæдæй ардæмæ берæ рæстæг рацудæй. Иуазæги куй кæми хундæуй, уоци æмбесонди дуккаг хай ба æй фусуни туххæй: «Æрцæугæй ба ’й хуарз ка нæ фæууина, е ба – дууæ куййи», – зæгъгæ. Е уобæл дзорæг æй, æма иуазæги фæххинцун цийфæндуй зинтæй дæр устур гъуддагбæл нимад æй. Цæмæй иуазæги зæрдæ ма фæххода, уой тухæн имæ лæгъуз цæстæй не ’нгъезуй кæсун, лигъз дзубандитæ ин кæнæ, æ бæхи дæр, æхе дæр ин багъуд кæнæ. Иуазæг цæунтæбæл ку фæууй, уæд ин æ бæх ракæнæ. Иуазæг æ дзаумæуттæ райсуй, бæхбæл исбадуй æма хæдзари бийнонтæн раарфæ кæнуй. «Хуарзæй изайетæ», – зæгъгæй, иуазæги бæхи ’ргом гъæуама уа хæдзарæрдæмæ хатт. Е уой

туххæн æй, æма фусунтæн æхцæуæн æй æ фæйййиндæ, тæргæ ’й нæ кæнунцæ, колдуармæ ин неке амонуй. Бæхи идонæбæл фæххуæцуй кæстæртæй еске. Бæхбæл бадгæй, галеу къохæй саргъбæл хуæцун не ’нгъезуй. Е хомухдзийнади бæрæггæнæн æй. Гъæуй фæххуæцун барцæбæл, цæмæй æй бæх балæдæра, саргъ ке фездухсдзæй бадгæ-бадгæй. Кадгин иуазæгæн колдуари цормæ фæндарасти ниуазæн арахъ кенæ бæгæнийæй рахæссунцæ. Идард балци ку цæуа, уæдта ин æ хæццæ «фæндаггаг» ниввæрунцæ æма ’й рафæндараст кæнунцæ сæ гъæуи кæронмæ. Иуазæг ку зæгъа: «Мæ фæсте мабал цотæ», – уæдта фæстæмæ раздæхунцæ. Кæд лæг иуазæги æ мæгурдзийнади фудæй фæйййинунмæ нæ бæлдтæй, уæддæр æгъдауæн æнæгæнæн н’ адтæй. Æгъдауихалæг æгадæ æма тæрегъæдгунбæл нимад цæуй. Тауæрæхъ «Бродячий Бурхан»-и е хуарз æвдист цæуй. (Кæсæ: «Дубровин 1-аг хай, 362 фарс). (Æ дигорон вариант – Кокити Геуæргий финст «Æносон хаулли» рацудæй 1991-аг анзи журнал «Ирæф»-и æртиккаг номери. Ред. феппайуйнаг).

## КЪÆРÆУГОМ

Уæлдæр куд загътон, уотæ Дигоргом Моски гъæуи рæбун фæссагелæ уй дууæ комебæл: Стур-Дигори æма Къæрæугоми. Къæрæугоми адæн кенæ фæстагдæр æрцардæнцæ Стур-Дигори комæй, кенæ ба еци-еу рæстæги. Коми ном æхуæдæг уобæл дзорæг æй. Къæрæугом равзурстæй дзурдтæ «хъæрæу» æма «ком»-æй. Къæрæугоми ес æдеугурæй æртæ гъæуи: Дзинагъа, Гулæр, Нæуæггъæу. Гулæр лæууй Къæрæугоми дони рахез билæбæл, хонхбæл. Дзинагъа ба – уомæ хæстæг бунæй. Цæугæдони галеу фарсæй лæууй Нæуæггъæу. Гулæрбæл Дигори ’хсæн хæтуй рагон æмбесонд: «Кæддæр Гулæр сæхе мегъæмæ бæмпæгæнгъæлæй куд фæккалдтонцæ, уоййау». Аци æмбесонд фæдздзорунцæ хумæтæг, æнахургонд, къумух адæймагæн. Гулæри, уæдта еугур Къæрæугоми фæббадуй уорс бæмпæги хузæн бæзгин мегътæ. Е уомæ

гæсгæ ’й, æма Къæрæугоми цъетей рæбун, уæдта хонх «Йази бæрзонд»-бæл ес тар гъæдтæ. Ами Йази бæрзонди цъоппæй æз æрæстæфтæн фур дессаг æма ефстаг физикон фæззинд. Хонхи сæрæй бунмæ кæсгæй, фæууидтон мæ хузæ, уæдта ме ’мбæлццони хузæ, Къæрæугоми мегъæбæл, Сослани æндури зилдтити хæццæ. Нæ хузтæ, раст мæнæ цума экранбæл адтæнцæ, уотæ кæдзос зиндтæнцæ. Еци æрдзон фæззинд адтæй хор æма листæг уаруни фæрци. Ме ’мбал, Стур-Дигори скъолай ахургæнæг, дини гъуддæгтæбæл æнхæст не ’ууæндтæй. Мегъæбæл нæ аууæнттæ ку фæууидтон, уæд ин загътон: «Мæнæ ауæхæн æрдзон фæззиндмæ гæсгæ, апостолтæ исистонцæ Есо Киристей хонх Фавормæ. Науки аци физикон фæззинд хуннуй «Броккенское привидение», кенæ ба «Броккенский призрак». Уотæ ’й хонунцæ Саксоний хонх «Броккен»-мæ гæсгæ. Уæхæн фæззинд ма фæууидта Америки хуæнхти астроном Уллоа. Уоци фæззинд хонунцæ «Круги Уллоа». Къæрæугом æма Броккени еци æрдзон фæззинд фæууинун æнгъезуй хорискаст æма хорнигулди рæстæги. Æз æй фæууидтон хорнигулди рæстæги, изæрæй. Хонх Йази бæрзонди æрдзон фæззинд, Броккени фæззиндæй æнæдессагдæр нæ ’й, фал ибæл наукон кууститæ финст ба нæма æрцудæй.

Къæрæугоми раздæр адтæй еума гъæу – Бунккаг Гулæр. Уой цæргутæн æ еу хай Дзинагъай æрцардæй, иннæ хай ба тъæпæн будурмæ ралигъдæй. Бункгаг Гулæри байзадæй «Гулæри Габони» ковæндонæ. Е æй дортæй конд, æ буни ес тæрхæг, кæций хурфи лæууй æрхи дзæнгæрæг. 1945-аг анзи Дигоргомбæл цудæй наукон экспедици. Еци «æнæвзаг» дзæнгæрæг исхудтонцæ «талисман». Æвæццæгæн, ами раздæр аргъауæндонæ адтæй, æма æ ихæлццæгти байзадæй дзæнгæрæг. Аргъауæндæнттæ арæзт цудæнцæ гурдзиаг паддзах Тамари рæстæги (Нузали, Гæлиати æма æндæр рауæнти). Габони, уæдта гъæути нæмттæ Гулæр æма Дзинагъа цæмæй фæззиндтæнцæ æма ци ’вдесунцæ, е бæрæг нæ ’й. *(Гулæр дигоронау хуæнхаг деденæги ном æй. Сурх Гулæртæ – сурх деденгутæ. Ред. феппайуйнаг).* Уогæ уæхæн æнæлæдæрд гъæути æма бунæтти нæмттæ ес Иристони еугур кæмтти дæр. Фæстæдæр сæбæл æрдзордзæн никки лæмбунæгдæрæй.

Гулæри Габони ковæндони æууæндагæ бунæттон цæргутæ аллихузи унафитæ хастонцæ. Ести буцæути фарстатæбæл

дæр уоми дзурдтонцæ, æма уомæ гæсгæ адтæй тæрхондони хузæн. Уæхæн тæрхондонæ ма ес гъæу Дагоми Уæллагири коми, кæцимæ æмбурд кодтонцæ изол рауæнтæй, сауæнгæ ма Ассиæй дæр. Дагоми «Мадизæни» унафæн раййевæн нæбал адтæй. «Гулæри Гæбонæй» сухæ рæстæгути адæн фæккорунцæ уарун. Е бæрæг æй, нивонди ин ести ку 'рхæссунцæ, уæд ци зар фæккæнунцæ, уомæй: «Табу, табу дæуæн, Гулæри Гæбони, табу дæуæн, Уорс Елиа». Елиай къохти æнцæ арвæрттивд æма бонигъæдæ. Уонæй аразгæ 'й, тиллæг цæмæй хуарз æрзайа. Дигорон адæн куд нимайунцæ, уотемæй Елиа арвбæл рауадзуй устур тугулдортæ æма арв уони гурруститæй гур-гур кæнуй. Арвæрттивд ба æй æ хъæмай æрттивд. Уомæй Елиа соруй дæлуймæнтти. Карз уаруни рæстæги хæдзари хецау æ тарст куййи æхемæ дæр æма иннетæмæ дæр хæстæг нæ уадзуй, цæмæй си арв маке ниццæва. Е ба уомæн уотæ 'й, æма дæлуймæнттæ сæхе куйти хурфи баримæхсунцæ, æма сæ Елиа æ хъæмай хæццæ соруй, цæмæй сæ рамара. Æрвдзæф лæги еумæйаг уæлмæрдти нæ нигæнунцæ, фал еуварс ескæми. Æвæццæгæн, арвæй цæф кæдзосбæл нимад нæ цæуй. Рагон дзамани арвæй цæфи нигæдтонцæ æндæрхузи. Æнæуой мард банигæнун æма уой банигæнуни еумæйагæй неци адтæй.

Рæстæги цуди хæццæ адæни културæ ирæзгæ цудæй, æма еци æгъдау хъæбæр исæййивта, рауæнæй-рауæнти ба еугур исæфт фæккодта. 1781-аг анзи Штедер, Дигори уогæй, финста: «Сильная гроза, часто наблюдавшаяся в предгориях, погнала работающих в полях женщин в селения и в 50 шагах от моей палатки убила молодую женщину. После удара те, которые с ней шли, издали крик радости, стали петь и танцевать кругом убитой. Все полевые работники, так же, как и все жители селения, собрались вокруг танцующего круга, невзирая на то, что гроза продолжала бушевать. Их единственным и простым напевом был: «О, Елай! Ельдар Чоппей», – слова, которые никто мне объяснить не мог, поскольку они сами не знали языка, из которого они были взяты. Кружась в хороводной пляске, повторяли они в такт эти слова, то в таком, то в обратном порядке. причем один запевал, а хор подхватывал. Убитой после грозы надели новую одежду, ее положили на подушке на то место и в том же по-

ложении, как она была убита, и до самой ночи продолжались беспрерывные танцы. Ее родители, сестра и муж танцевали, пели и представлялись настолько довольными, как будто это было какое-то празднество (потому, что печальные лица оценивались как грех против Ильи). Это празднество тянулось 8 дней, и попечение о нем нес горный врач Геншек – эскулап Кавказа, получивший свое искусство от старых женщин и прославленный всюду, благодаря своему лечению травами. Он, которому я вследствие любопытства пожертвовал много подарков, известил меня о новом событии. Он насильно заставил пораженного когда-то молнией юношу пойти к месту, где лежала убитая.

Там верят, что все пораженные молнией, но оставшиеся в живых, становятся служителями и провозвестниками воли Ильи, даже скот, пораженный молнией, получает свободу. Как только молодой человек приблизился к убитой, он поздоровался с ней как с товарищем, назвал ее такой же счастливой, как и он сам, пел, танцевал в кругу, извивался, упал наконец на подушку убитой, закрыл глаза и продолжал до полного изнеможения биться в конвульсиях, во время которых четыре сильных мужчины едва могли удержать его. Хор возобновлял пение и пляску, когда судороги оставляли его, но как только они усиливались, все останавливались и смотрели на страдающего с большой серьезностью и благоговением. Юноша рассказывал с закрытыми глазами очень бойко о том, что он видит у Ильи и называл все имена убитых, которые находились рядом с ним, целыми часами корчась попеременно в судорогах, возвещал он в восторге приказания Ильи для умершей. Самым значительным был приказ поддерживать огонь в течение 8 дней около трупа и воздержание от всяких работ и ремесел. Были собраны подарки, убитая была положена в гроб и выставлена в течение 8 дней на подмостках.

На восьмой день ее положили в новую арбу (телегу), которую должны были везти пара быков с белыми пятнами. Быки были выбраны таким образом, что они принадлежали скупому человеку: после этого их убивали. Эту шутку проделал с ним врач потому, что он не уплатил ему за лечение. Молодые люди пошли процессиями с родственниками по соседним деревням, пели и собирали подарки скотом и другими продукта-

ми. Подарки шли или для убитой, или для празднества, или для родственников, в число которой входили и доктор, и юный ясновидец.

За несколько подарков доктор открыл мне свой обман, именно, что он перевязывает молодому человеку руку, чтобы препятствовать кровообращению, вследствие чего, естественно, и начинаются судороги. Несмотря на жару, я не мог через 8 дней заметить в гробу никакого гниения: они считали это за чудо, но т.к. гроб был заколочен, то я не мог разъяснить обман. Гроб был поставлен наконец на телегу, запряженную быками и им позволили идти, куда они хотели. Там, где они сами остановятся и должна была быть похоронена убитая.

На этот раз быки остановились у ближайшей травы. Тотчас же выложили четырехугольник из камней, на возвышении в несколько футов, поставили гроб и заложили его кругом и сверху камнями, образовав возвышение в сажень высоты. Рядом с этой кучей камней воздвигли шест с натянутой козьей шкурой и головой.

Рядом на более маленьком шесте повесили лучшие одежды усопшей и поели сообща у могилы собранные подарки.

Скот убитой был отпущен в степи, где он получил свободу и оставался непотревоженным. Этому скоту привязывали значок и если он приближался к пастухам, его снова отгоняли».

Штедери дзубандийæй бæрæг æй, – уæлмæрдти дæр æма æ цори дæр, арвæй цæфи нæ нигæдтонцæ рагон дзамани. Нури рæстæги ба уæхæн марди райдæдтонцæ уæлмæрдти æвæрун. Æрвдзæфæй мардбæл ма нур дæр еуæй-еуетæ кæугæ нæ кæнунцæ.

Æз зари фæрсаг Штедерæй минкъий æндæрхузи нигъгъуди кодтон: «Уæ цоппай, уæ аллай, уæ æлдари цоппай». Аци фæрсаги дзурдтæ æбæрæг æнцæ.

Арви цæфи фæсте кафгутæ, фæрсаггæнгæй, мардбæл зелунцæ. 1885-аг анзи мæхуæдæг æвдесæн адтæн, арвæрттивд еу рауæн зæнхæ куд æрцавта, уомæн. Мах ма уæд биццеутæ адтан. Уæситæ хизтан Киристонгъæуи кæрони. Махæй еу 100 метри идарддæр арви цæфæй зæнхи арф къагъд равзурстæй. Хуарз æма си неке фæцæй. Адæн уайтагъддæр æрбамбурд æнцæ. Къагъди алли фарс райдæдтонцæ кафун æригон, бийнонтæ кæмæн нæма ес, уæхæн кизгуттæ æма лæхъуæнтæ

уорс дарæси, уæдта иннæ адæн дæр. Дуккаг бон ба хъулуфбæл зилдæги кауæ исбидтонцæ æма, кауи медæгæ кафгæй, къагъди æхсир æвгæдтонцæ. Еци бон кафтонцæ æрмæстдæр æригæнттæ – æнæуосгинтæ æма æнæлæгмæцудтитæ. Куд ма 'й багъуди кодтон, уотемæй кафгути бæрцæ адтæй æнкъай. Бунæттон саугин – Хетæгкай-фурт цалдæр хатти еци кауæ рафтудта æма сæ цийнæ кæнун нæбал уадзидæ. Фал æй гъæуи цæргутæ нæуæгæй исæвæриуонцæ æма бæрæгбæнтти уоми кафтонцæ. Арвæй цæф æгасæй ку байзайа, уæд, дан, зонæнгин исуй. Дигорæмæ ес æмбесонд: «Арвдзæф – зонæнгин æй». Штедер дæр уой æрæстæфтæй. Силгоймаги мард аст бони ке нæ байвардтонцæ, е дæр дзæгъæли нæ униау æй. Аст æй æнкъай нимæдзæ. Дигорон адæнмæ марди æгъдæутти æнкъай нимæдзæн цидæр гъуди адтæй. Абони дæр хистити фæккæнунцæ æнкъай кæрдзинтæ, дзолтæ; фингæбæл фæуюй æнкъай ниуазæнтæ. Иннердигæй ба цийнæ гъуддæгти етæ фæуунцæ æнæнкъай. Хумæтæг бабадти дæр фæтгуй æнæнкъай къеретæ, ниуазæнтæ 'ма уотæ идарддæр...

Нури рæстæги архайунцæ арвæй цæфи еци фæдбæл ранигæнун. Изæрæй ке ниццавта, уой иннæ бон сæумæй, сæумæй цæфи ба – еци бон изæрæй. Æвæццæгæн, е уомæ гæсгæ 'й, æма ма фенгъæлмæ кæсунцæ арвæй цæфи æрæскъетунмæ. Арви цæф ци рауæнмæ æрцудæй, уомæ хæстæг лæууæг еуæй-еу хатт фегуппæг уй. Еци хæттити æрвдзæфæн ес, зæнхи буни рацæвгæй, æрæскъетæн. Е ба уомæн уотæ 'й, æма зæнхæ адæймагæй æрттеваги тухæ исцъируй. Цæмæй, ку «райгас» уа, уæд ма нийнод уа, уой туххæй лæгæн æ гурæ зæнхи буни фæккæнунцæ, æ сæр ба игонæй райзайуй. Хатгай «æгуппæгбæл» дортæ райамайунцæ, ку æрæскъета, уæд æнцон ракалæн куд уонцæ, уотæ.

Фал дессаг е æй, æма силгоймаги арв куддæр ниццавта (Штедери финст), уотæ 'й зæнхæй фелвастонцæ æма 'й нигæнгæ нæ, фал зæнхæмæ дæр нæбал æруагътонцæ. Æваст ин æ буни баз райвардтонцæ. Уой фæсте ба 'й мæрсинтæбæл аст бони фæддардтонцæ кири хурфи. Идарддæр æй хумæтæг къагъд цирти нæ байвардтонцæ, никки ба ма кирæ зæнхæбæл не 'ривардтонцæ, фал дортæй бун искодтонцæ, уæдта еци азгъунстбæл кирæ æрæвардтонцæ æма 'й аллирдигæй исамадтонцæ дортæй. Алли усми дæр архайунцæ, цæмæй

мард зæнхæбæл ма бамбæла: фиццаг – базбæл, уой фæсте – мæрсинтæбæл, уæдта – дорæй конд бунбæл. Никки ба кирæн айдагъ æ фæрстæбæл нæ амайунцæ дортæй, фал ма ин æ сæрбæл дæр æривæрунцæ, æхгæд куд уа, уотæ.

Цума ами Маздаизм-Парсизми æгъдæутти изол дудзи гъæр не 'рбайгъусуй?! Перстæ, изæдтон зæнхæ мардæй цæмæй ма ницъцъумур кæнонцæ, уæдта арт сугъдæгæй цæмæй байзайа, уой туххæн сæ мард нигæнгæ 'ма содзгæ нæ кæнунцæ, фал æй къæдзæхтæбæл сирдтæ 'ма мæргъти хуаллагæн ниггæлдзунцæ. Инди æма Персий еуæй-еу рауæнти ес сæрмагонд азгъунститæ мæрдтæн, кæцитæми сæ сирдтæ 'ма мæргътæ бахуæрунцæ.

Раст зæгъгæй, алли дигорон лæгæн дæр ес æхе «сикъити хай», фал ке кой кæнæн, еци 'гъдау (уæн ес) нæ фидтæлтæ райстонцæ ирайнæгтæ æма персиæгтæй. (Ирайнаг адæни минеугутæй цидæртæ ес дигорон адæнмæ).

Алли дигорон дæр уалдзæги фиццаг арви гъæрмæ гæппитæ кодта ести циргъаг, лухгæнæн æфсæйнаг дзаумауи сæрти: фæрæти, карди, кæрдæни, хъæмай, цæвæги æма æнд., цæмæй æй Хуцау незтæй æма цъумур, цъаммар тухтæй иннæ уалдзæги уæнгæ багъæуай кæна. Гæпп кæнун гъæуй æртæ хатти размæ, æртæ ба – фæстæмæ, дæхе ма разелæ, уотемæй, дзоргæй «цæндон-мæндон». Нихæси лæгти фæууининæ, сæ хъæматæ зæнхæбæл куд райвæриуонцæ æма сæ сæрти куд гæппитæ кодтонцæ. Фиццаг арви гъæри фæсте ма фæрæтæй бахуайунцæ хæдзарæ, скъæттæ, саратæ, гомтæ, дзоргæй, дæнцæн, мæнатæ: «Хуарæй, тиллæгæй, фонсæй идзаг уотæ!»

Ранимад циргъæгти 'хсæн цитгиндæрбæл нимад æй хъæма. Уомæн æма сайтани ку цæвай, уæд циргъаги сæрти багæпп кæнуй æма мæкъурæрдигæй æхе раримæхсуй. Хъæма ба дууердигæй дæр циргъ æй æма сайтан æнцон раргъæвæн æй. Зæгъæн, кард кенæ æхсаргардæн ба еу фарс къумух æй 'ма уоцирдигæй сайтан æхе багъæуай кæнуй мæлæти цæфæй.

Æфсæйнаги хæццæ курдон ке архайуй, уомæ гæсгæ 'й дигорæмæ нимайунцæ хецæн, æндæрхузи адæймагбæл. Курдонмæ ес цидæр римæхст хъаурæ. Сайтæнттæ си тæрсунцæ, хæстæг бацæун имæ не 'ндеунцæ. Курдон æй нимад лæг,

адæн ин устур кадæ кæнунцæ. Уогæ айдагъ дигорон адæнмæ нæ, фал берæ европаг адæнтæмæ дзорунцæ курдони сосæг тухæбæл (кæсæ: «Антропологи проф. Петр Э. Ю.», 1 т. 410 ф. 1890 анзи рауагъд).

Гъуди кæнун, Дигори курдон ци къохдарæнтæ æма цæнгдарæнтæ кодта. Сувæллæнтти къохтæ æма цæнгтæбæл сæ бакæниуонцæ, цæстудæй гъæуай кæнунмæ. Хестæртæ, хъæбæрдæр ба силгоймæгтæ дæр сæ арæх дардтонцæ. Æууæнкгин адæнæн етæ устур нифс адтæнцæ. Уомæ гæсгæ курдонæн лихстагтæ æма аргъгæнгутæ берæ адтæй. Ескæмæн косгæй ин æ хæдзарæмæ алли хузи лæвæрттæ хастонцæ: фид, æйкитæ, цихт, ниуæзтæ – кæмæн æ равгæ куд æййафта, уотæ. Æхе ба ин хинстмæ худтонцæ. Мæн рæстæги курдон æ кустбæл мизд нæ иста, фал æй æ бийнонтæ ’ма адæн хуæруйнагæй дæр, хъæппæлæй дæр дардтонцæ. Уомæ гæсгæ е адтæй дзиллон курдон. Рæстæг курди медæгæ ке ’рæййафидæ, етæ ба ин æнхус кодтонцæ бæлдотæй хуайунмæ. Бæлдотæй хуайгутæй курдон гъæуагæ не ’ййафта, уомæн æма курди æрмадзæ нихæс дæр адтæй. Курдонмæ хаттæй-хатт фæккосуй еци-еу лæг бæлдойæй хуайæгæй – фæрсагхуайæг.

Уомæн амонуй курди дæсниадæ. Фæрсагхуайæг ахур кæнуй лæвар. Рагон дзаманти дигори адæн дзиллон курдони худтонцæ «гъæугурд» кенæ «синхгурд». Мифологий ес дзурд «Курдалæгон». Курдалæгон – нæ цитгин фидтæлтæ Нарти æмбал, æ кустбæл некæмæй неци агурдта. Нартæ ци æртæ муггагемæй равзурстæнцæ, уонæй еу æй Алæгатæ. Курдалæгон æй Курд Алæгон. Кæрон «он» ами бæрæг кæнуй матриархатти дзаман.

Уæлдæр æрхаст дзурдтæ «цæндон-мæндон» дигорон æвзагбæл æнхæст лæдæрд нæ ’нцæ. Дзурдти фæстаг хай «дон» æй. Ами, æвæццæгæн, цæуй уарундони кой. Дуккаг дзурд «мæндон» балæдæрун æнгъезуй: «Елиа, уарундон мин радтæ», – зæгъгæ.

«Гулæри Гæбонæ»-й уæлдай, гъæу Гулæри ес еума ковæн бунат дæр – «Гулæри Реком», Цъæййи Рекоми æмбал. Уæн ес, æма еци дзиуæртти ’хсæн цидæр бастдзийнадæ адтæй. Фиццагæй æмнæмттæ ’нцæ, дуккагæй ба сæ дууемæн дæр ес еци еу «уæлдæр хецау» – Уасгерги. Сæ дууæ дæр хæстæг нæ уадзунцæ силгоймæгти, куйти, æма хæргути. Æнæуой, Цъæй-

йи Реком Гулæри Рекомæй зундгонддæр æй. Цъæййи Рекоми дзæнгæрæгбæл ес гурдзиагау финст: «Аци дзæнгæрæг лæваргонд цæуй Иристони цитгин фидæн, Дигори æма Двалетий ковæндонæн». Еци финст дæр уæлдай æвдесæн æй дууæ дзиуарæ-ковæндоней астæу бастдзийнадæ ке адтæй.

Гулæри Рекоми ковæндонæ æй еу уат, уæрхæмæ æма дæргъæмæ фæндзгай метртæ. Фæрстæ æнцæ дорин, æнæлæхудзæй, сорамад. Ес ибæл фæйнæгæй сæр. Медæгæй дууæ уæлартон рæхисебæл æгтæ ауигъд – сæ еу бæгæни фицунмæ, иннæ ба – нивондæн.

Тæккæ рагондæр дзиуарæ ами адтæй еу бæласæ, кенæ гъæди къохгонд. Нуртæккæ ами ес, Цъæййи Рекоми куд, уотæ æртæ бæласи: дууæ фæткъуй æма еу кæрдту. Гъеууони буни ракæнунцæ косарт. Тæккæ райдайæни хуæнхаг адæн кувтонцæ бæласæмæ. Е рабæрæг æй фæстаг «къахæнтæй» (раскопкитæй).

Нæ фидтæлтæ адтæнцæ муртаг (язычники) æма кувтонцæ кенæ бæлæстæ, кенæ дортæ, кенæ æндæр естæмæ. Гурдзи киристон дин ку гъавта Иристони рапурх кæнунмæ, уæд фæппайда кодтонцæ нæ адæнæн сæхе дзиуæрттæй, цæмæй етæ æнцондæрæй райстайуонцæ киристон дин æма, ци бæлæстæмæ кувтонцæ Гулæр, уæдта Цъæййи, уони цори аргъауæндæнттæ исаразтонцæ. Уоци дууæ гъæуемæй уæлдай ма æндæр рауæнти дæр кодтонцæ ковæндæнттæ. Дзиуæрттæн уæддæр сæ рагон нæмттæ байзадæнцæ – Рекомтæ æма æнд.

Хуæрзæрæги дæр ма, сауæнгæ революций агъонмæ, Дигори райони центр – Киристонгъæуи адтæй ковæн бæлæстæ. Фал сæ большевиктæ ниццагътонцæ.

Ковæн бæлæстæй айдагъ рагон гурдзиаг саугинтæ нæ пайда кодтонцæ, фал фæстæдæр фæззиннæг нæхеуæнттæ дæр. Большевикти хузæн, саугинтæ дæр устур зæран æрхастонцæ нæ фидтæлти рагон дзиуæрттæ æма ковæндæнттæ ихалунæй. Етæ æнæуаг зинаргъ адтæнцæ, куд историон æма этнографион циртдзæвæнтæ. Мадта еци кунзунд фудгæнгутæй Æридони Миссионерти семинарий ахургæнгутæ дæр берæ нæ байзадæнцæ: фæндæ сæ адтæй еугур Иристони ковæндонæ – «Хетæги къох»-æй киристон аргъауæн исаразун. (Хетæг адтæй Хетæгкати муггаги фидтæл).

Хетæги къохмæ æмбурд кодта æма кæнуй хъæбæр берæ адæн. Киристон аргъауæнтæмæ ба цудæнцæ «кезугай» æма ефстагмæ. Уой уингæй, Æридони семинарий монахтæ гъавтонцæ Хетæги къохæй сæхе гъуддæгти испайда кæнунмæ, æ байсунмæ. Уой туххæн архимандрит Виталий Хетæги къохи сæйраг ковæн бæласæмæ иконæ фæххаста æма йбæл æй æрауигъта, цæмæй уотемæйти æхе къохтæмæ райса æгас адæни ковæндонæ. Фал мæнгард монахæн æ гъуддаг нæ рацудæй. Æхе ахурдзаутæ ин æ иконæбæл фæггириз кодтонцæ æма ’й уой фæсте берæ фæккæдзос кодта. Раст зæгъгæй, ирæнттæ ’ма дигорæнттæ, сæхе рагон религиæй уæлдай, иннæ «официалон» религитæмæ кæсунцæ кудфæндуййи цæстæй.

Аргъауæнмæ кезу куд исаразтонцæ, еу уæхæн цауи туххæн фæдздзорунцæ æрæдойнæгтæ. Ревæд аргъауæнтæмæ кæсун саугини бон нæбал адтæй, æма адæни уордæмæ тухамæлттæй хонун байдæдта. Уæд еу хатт нихæси лæгтæ лæудтæнцæ æма, саугинæн æртæрегъæдгæнгæй, унафæ рахастонцæ, кезу, дан, искæнæн. Радугай райдæдтонцæ аргъауæнмæ цæун. Еу бони сæри ба, кезу кæмæ ’рхаудтæй, е байрæги кодта. Саугин исмæстгун æй æма нихæсæй уой бæсти æндæр кедæр «раласта». Еци рæстæги ба гъæунги идарди, цæугæ кæмæн адтæй, е фæззиндтæй. Саугин ке ’рахæста, е имæ æрбатингун æй, фиццаг æй ралгъиста, уæдта ймæ еци тæвдæй гъæр кæнуй: «Дæ кезу цæмæн ихалис?!»

Религимæ æнæмæтæ цæстæнгас, дин райсунбæл син æхца ке лæвардтонцæ, уомæй дæр бæрæг æй. Дин райсæгæн саугинтæ фистоцæ æвзестæ соми ’рдæг æма хæдони фагæ æхсæггаг хъумаци гæппæл. Беретæ цалдæргай хæттитæ æфтудтонцæ сæхебæл дзиуарæ. Уой фудæй еуæй-еути бахæссиуонцæ куйти киунуги хигъдмæ.

Гъуди кæнун, Владикавкази зилдон тæрхондони куд тæрхон кодтонцæ еу Дигоргоми цæрæг силгоймагæн. Цæмæдæргæсгæ е, киристон уогæй, пусулмон фестадæй. Зæронд уосæ æ дзиппæй исиста дивили тугъд цалдæр æвзестæ соми ’рдæги, саугинтæ ин е ’взонги бæнтти ке равардтонцæ, уонæй, æма тæрхони лæгтæн æргомæй загъта: «Хъумац æма мин æхца лæвардтонцæ æма сæ æз дæр райстон». Хуæнхаг æнахур-

гонд силгоймаг æппундæр неци лæдæрдтæй, ци си агурдтонцæ саугинтæ æма ин лæвæрттæ цæй туххæй кодтонцæ. Иннетæ ци истонцæ, уой е дæр, мæгур, райста. Тухст адæймагæн уæд зин адтæй лæвар нæ бакомун.

Адæн пусулмон дин дæр, киристон дин дæр сæ зæрдæмæ хæстæг ке нæ истонцæ, е уæлдай хуæздæр рабæрæг æй революций рæстæги. Æнцонтæй фæууагътонцæ мæзгидтæ æма аргъауæндæнттæ.

Сæхе дзиуæрттæн ба кодтонцæ устур аргъ æма кадæ. Дзиуæртти цори аразтонцæ «цардахътæ». Цардахъи кодтонцæ кувдтитæ, гъæзтитæ; саздахъæй, арцæй æхсунбæл еристæ æма æнд.

Уæлдай фулдæр цардахътæ ес Цъæйййи Рекоми. Ами алли муггагæн, кенæ цалдæр хæстæг муггагемæн искæниуонцæ хецæн цардахъ. Е æй хумæтæг хуæнхаг азгъунст, дорæй амад цуппар фарсей хæццæ, æ сæрбæл фæйнæгæй тапкагонд. Цардахъ, æвæдзи, равзурстæй дзурдтæ «цард» æма «аккаг»-æй, гъома, рæстæгмæ цæруни аккаг ка 'й, уæхæн хæдзарæ. Рагон дзамани бæрæгбæнттæ æнæгъæнæ мæйæ дæр рахæссиуонцæ 'ма уомæ гæсгæ гъудæнцæ цардахътæ.

Гулæрæй, цубурдæр къахнадбæл цæугæй, Уæллагкоми гъæу Хонсармæ ес дууæ æфцæги. Фиццаг æфцæг хецæн кæнуй Къæрæугомдон æма... (иннæ дони ном финст нæй. Ред.), дуккаг ба Сардидон æма Сонгутидон.

Къæрæугомдон æвзуруй Къæрæугоми цъететæй. Кавкази цъететæй Къæрæугоми цъете æй тæккæ рæсугъддæртæй еу. Кавкази рæгътæн æй хорнигулæнæрдигæй, фахсбæл. Райдайуй Адай хонхæй (4573 м) æма æрцæуй Кавкази еугур цъететæй бундæрмæ (1710 м). Æ дæргъцæ æй 16,4 км. Кавкази цъететæй еунæг Бизингиæй цубурдæр æй Къæрæугоми цъете. Уæрхæмæ сæрæй Къæрæугом æй 1,5 километри, бунæй ба – 600 метри. Кæрæнтти цъетей ехи бæздæ 150 метрей уæнгæ хъæртуй. Ех æй æнæкæрон сугъдæг, цъæх-цъæхид, фур рæсугъд. Цъетей бунæй аййев кæнунцæ æнæвнæлд сосхъæдæ æма бæрзæ гъæдтæ. Цъетей кæрони ес арф ехин арæхъ, кæцимæй сæр-сæргæнгæ игуруй Къæрæугомдон. Гъæди сосхъæдæ бæлæстæ æнцæ гурведауцæ, бæрзонд æма фæтæнзæнгæ. Æ рæсугъддзийнадæ, аййевдзийнадæй аци гъæдæ Цæгати гъæдтæй нецæмæй дæлдæр æй. Æ ном

хуннуй Къоросгæ, фал ма ’й Къæрæугоми гъæдæ дæр фæххонунцæ. Уотæ æнæвнæлдæй изайуй, цæрæн бунæттæ, гъæутæмæ идард ке æй, уæдта ймæ зин бацæуæнтæ ке ес, уой фæрци.

Цъетемæ зин исхезæн æй. Фæрсæрдигæй хæрдмæ ку иссæуай, уæд имæ ес бахезæн. Сæрди хор рæстæги ами алæмæти рæсугъд нивтæй цæстæ нæбал фефсæдуй: дæ къæхти буни уайуй æнæкæрон берæ къанæуттæ. Етæ, сур-сургæнгæ, кæми ранигъулунцæ цъетей сæрти, уоми си фæууиндзæнæ замманай лæгæт. Бæлццæнттæ арæхдæр уоми фæууолæфунцæ. Сосхъæдæ гъæдæмæ уолæфунмæ цæунцæ бæсти алли кæрæнттæй.

Къæрæугомæй райдайуй над, кæци цæуй Гурдзий æфцæгбæл æма бахæссуй Риуони дони сæрмæ. 1921 анзи Гурдзий æфцæгбæл бахизтæй Дигори партизанти къуар гурдзиаг большевиктæн фенхус кæнунмæ.

*Уодзæнæй ма*



## СУРХ-ДИГОРÆБÆЛ ИСÆНХÆСТ ÆЙ 90 анзи!

## ГЪÆУИ РАВЗУРСТ ÆМА Æ ХАБÆРТТÆ



Советон Цæдес ку æрфедар æй, уæд хуæнхбæсти Дигоргоми адæнæн барæ лæвæрд æрцудæй будурмæ раледзунмæ æма уоми æрцæрунмæ.

1927 анзи райдæдтонцæ аразун Дигори агрокомбинат. Еци гъуддагбæл зæрдиуагон архайд кодтонцæ Цагъати Дзабола, Арсæгти Горга, Бузойти Тъох, Тауитти Тæкъа æма иннетæ. Еци комбинати бундорбæл равзурстæй гъæу Сурх-Дигорæ. Дигоргоми ци адæн цардæнцæ, етæ лæвардтонцæ сæ фонс: сторвонс, бæхтæ, æдуæрдун галтæ, фустæ. Уотемæй адæн

ралигъдæнцæ будурмæ – Силтанухъмæ. Дон си некæми адтæй æма адæн искъахтонцæ къанау, уагъд имæ æрцудæй Чиколай гъæуисæрæрдигæй хонхæй дон. Хъæбæр зæрдæй архайдтонцæ адæн коллективон хæдзаради райрæзтбæл. Равзурстæй си дууæ колхози: «Хонх» æма «Демиховскийи номбæл». Уой фæсте сæ баеу кодтонцæ, исаразтонцæ си еу колхоз æма æй исхудтонцæ Гетъой-фурти номбæл. Гетъоти Хадзеумар адтæй граждайнаг тугъди бæгъатæр. Адæн архайдтонцæ сæхецæн цæруни фадуæттæ кæнунбæл. Гъæу исаразунбæл хъæбæр разæнгардæй бакустонцæ: Малити Дзега, Темирати Николай, Цакъоти Слангерий, Гобети Беслæн, Гобети Заурбек, Гъæргинти Габле, Гасинти Василий, Скъодтати Еристау æма иннетæ. Колхоз ирæзтæй æма бонæй-бонмæ федардæр кодта мæнæ аци лæгти фæрци: Бузойти Тъох, Хъалати Семен, Хæтæгти Кудзиго, Гадати Гæлæу, Тъурити Заурбек, Габети Кудзий, Хайманти Хъæрæсе, Хайманти Сергей, Хъодзасти Хъасболат, Цагъати Дзабола, Цæллати Афæхъо, Текъойти Гæбучи, Дзабайти Къостан. Сæ архайд бæрæг гæнгæ цудæй. Арæзт æрцудæй скъола, адтæй цуппаруатон, медицинон азгъунст, бунат гъæуыон Советæн. Скъола нæ хъæрттæй гъæуи ахурдзаутæн, æма хестæр кълæсти ахурдзаутæ цудæнцæ Чиколамæ. Берæ тухстдзийнæдтæ æвзурстонцæ гъæуи адæн. 1932 анзи нæ гъæуи номæй Мæскумæ рандæ ’й делегаци: Рæмонти Цæрай, Гетъоти Елбиздухъ, Тъурити Заурбек, Габети Кудзий. Делегацийæн лæвæрд æрцудæй 500000 соми. Еци æхцатæй арæзт æрцудæй нæуæг азгъунст. 1936 анзи байгон æй Сурх-Дигори астæуккаг скъола, адтæй си 600 скъоладзауей бунат. Е фæккуста 2018 анзмæ. Фиццаг ахургæнгутæ си адтæнцæ: Гобети Батæрбек, Малити Хуасдзау, Цæллати Васили, Годзойти Саухал, Малити Ахтол, Дзабайти Лизæ. Скъолай фиццаг директорæй куста Цæллати Васили, дуккаг – Годзойти Саухал, æртиккаг – Гобети Батæрбек, уой фæсте си берæ æнзти фæккуста Худæлти Илас, уæдта Зæгæлти Геуæрги, Мулукати Сергей. Уæдмæ райдæдта тугъд, æма Сурх-Дигорæй тугъдмæ рандæ ’й 800 адæймаги. Уонæн сæ фулдæр æмбес байзадæнцæ тугъди будури, нæбал исæмбалдæнцæ сæ хæдзæрттæбæл. Тугъдмæ æрмæст нæлгоймæгтæ нæ рандæ ’нцæ, фал ма нæ гъæуккаг кизгуттæ дæр. Етæ адтæнцæ: Бичегкути Раисæ, Бузойти Уарзетæ,

Малити Зæрæда, Текъойти Дарья, Текъойти Марья, Чихтисти Дозинкæ, Хъойбайти Маро.

Адæн тугъди фæсте æнцон царди н' адтæнцæ. Колхозонтæ цудæнцæ будурмæ, нартихуари куст кодтонцæ, мæнæуæ байтауиуонцæ æма уой дæр æхсастонцæ хъогъанцæй. Къохæй тудтонцæ нартихуар, циргъ æхсирфтæй карстонцæ мæнæуæ. Фермити рази арф къæхтитæ адтæй, уонæбæл адтæй еудадзуг сара сæр, ластонцæ имæ нæуæгкарст листæг нартихуари хъæлнæгътæ, бунæй æй силгоймæгтæ надтонцæ къуæлæгтæй. Уотемæй фонсæн исцæттæ кæниуонцæ силос. Мадта 15–16 анздзуд биццеутæ колхози будуртæ хумæ кодтонцæ галтæй, мадтæлтæ дæр хумæ кодтонцæ. Гасинти Сафетка дзоридæ: «Æз æма Дзабайти Меретæн адтæй еу галтæ, галтæмæ ба дзурдта Дзабайти Маркс. Уотæ бафæллайианæ, æма, галти идонæбæл хуæцгæй, размæ бахауианæ. Мерет ба мæмæ исдзоридæ: «Рауай, дзубурбæл ду хуæцæ, æз ба – сæрбонсбæл». Бæргæ райсинæ дзубур дæр, фал е ба никки зиндæр куст адтæй, уотемæй бухстан æма кустан.

Рæстæг куд цудæй, уотæ цард дæр хуæздæр гæнгæ цудæй, адæн сæ кустæн райсиуонцæ тиллæг æма æстонг нæбал æвзурстонцæ. Тукæнтти фæззиндтæй продукттæ, сапойнæ, фæтæген, хъумæцтæ. Бонæй-бонмæ цард хуæздæрæй-хуæздæр кодта. Горæти тукангæсæй куста Габети Уацийрæт, хуцаубони рацæуидæ гъæумæ, фæстæмæ ку цæуидæ, уæдта имæ мадтæлтæ радтиуонцæ æхца, иннæ хуцаубони ба нин æрласидæ къалостæ. Уотемæй нæ къæхтæ сорæй нихъхъæртиуонцæ скъоламæ. Мах, сувæллæнттæ, ма цæуианæ гъæдæмæ нинæгъмæ, æхсæрæмæ, тæрсæмæ.

Тугъди размæ Сурх-Дигори гъæусовети сæрдарæй куста Дзабайти Къостан. Гетъой-фурти номбæл гъæунги астæу искодта сосе над, нади кæрæнтти ба ниййаразун кодта акъаци бæлæстæ. Æ фæсте ба куста Малити Хуасдзау. Тугъд ку райдæдта, уæд дууемæй дæр хебарæй рандæ 'нцæ тугъдмæ, уотемæй сæ хæдзæрттæбæл нæбал исæмбалдæнцæ. Тугъд ку нигъгъос æй, уæд гъæуи хецæуттæй кустонцæ Текъойти Гæбучи æма Цæллати Афæхъо. Етæ фæккустонцæ зæрдиуагæй. Гъæуи астæу ци парк ес, уой Афæхъо ниййаразун кодта. Гъуди ма æй кæнун, мах, скъоладзаутæ, куд аразтан нæ ахургæнгути хæццæ бæлæстæ, уой. Афæхъой фæсте гъæуи

хецæуттæй кустонцæ Малити Заур, Цакъоти Казбек, Текъойти Дарья, Къесати Данел, Хамихъоти Геуæрги, Габети Аврам, Найфонти Роберт, Габети Василий, Хамихъоти Константин, Хадати Марик, Хуадонти Серго, Гибизти Олег (нури сæрдар). Аци лæгтæ хъæбæр зæрдиуагæй фæккустонцæ гъæуи хуарздзийнадæбæл.

Тугъди фæсте колхози сæрдартæн дæр æнцон н' адтæй косун. Гъæууон хæдзарадæ зæууатмæ æрхаудтæй. Цæмæй кустайуонцæ зæнхæ, уæхæн техникæ нæбал адтæй. Æгæр мæгур галтæ дæр нæбал адтæй. Паддзахадæ колхозæн федун кодта мæнæуæ, нартихуар. Мадта колхозонтæн дæр косгæ бонтæбæл тиллæг дæттун гъудæй. Колхози сæрдартæй кустонцæ Гадати Гæлæу, Мæрзойти Сергей, Малити Заурбек, Сарахъати Владимир, Гобети Салат, Хайманти Гермæн, Цакъоти Хъанамат, Сарахъати Максим, Гæлити Геуæрги, Бекъурти Коля, Бæлоти Мурат, Габети Василий, Золойти Эльбрус, Золойти Артур. Аци ранимад лæгтæ хъæбæр хъиамæтгун адтæнцæ, колхоз раззæгти хæццæ цæун райдæдта. Алкæддæр паддзахадæнæ радтидæ берæ тиллæг. Мадта гъæуи адæн дон хастонцæ цъæйттæй, уарунти рæстæги аци дон уидæ лæкъун. Нæуæг хæтæлтæ ниввардтонцæ, æма нæмæ уагъд æрцудæй дон Сæхолæй. Алли тегъæбæл дæр адтæй кърант, уой фæсте ба дон бауагътонцæ хæдзæрттæмæ дæр.

Хайманти Гермæни рæуаги Ленини гъæунги искодтонцæ сосе над, стадион, агоригæнæн завод. Агоригæнæн заводи разæй ба Гобети Салати разамундæй арæзт æрцудæй хирхфадæн завод. Адæн райдæдтонцæ сæхецæн хæдзæрттæ аразун, равгæ син ке фæцæй, уой фæрци.

Гæлити Геуæрги дæр æй хъæбæр хъиамæтгун лæг. Æ рæстæги адтæй доцгæ гъоцитæ, хускъаг фонс, бæхти æргъау, хути фермитæ. Колхози кустонцæ 700–800 адæймаги, æма син сæ кустæн аргъ кодтонцæ. Нæ фæсевæд хуаси куст кодтонцæ Сурхи æхсæвеуатæй. Хъæбæр хъиамæтгун адтæнцæ нæ гъæуккæгтæ.

# ЖУРНАЛКÆСГУТИ СФÆЛДИСТАДÆЙ

ЗОЛОЙТИ Хетæг

## ФУН

Нæбал æй æртасун, мæ фуни фæууидтон, æви мæбæл æцæгæй æрцудæй...

Фæстагмæ ма ‘й балæдæрдтæн, – мæ раздæриккон цард мæ æййафуй!

Æзинæ ниххустæн Мæскуй мæ фатери, ацибон ба райгъал дæн хонхи фусгæсæй.

Цалинмæ, ци мæбæл æрцудæй, уой балæдæрунмæ гъавтон, уæдмæти мин мæ сагъæстæ фæццидæр кодта еу минкъий биццеу.

Уæртæ æрбаледзуй, гъæр гæнгæ ‘ма æ къохтæ телгæ (æвæдзи, ести æрцудæй).

– Хетæг, Хетæг!!!

Мæ ном мин а кæцæй зонуй?!

– Цæуæн! Тагъддæр, нæ фидæ нæмæ дзоруй.

Мæ къох мин райахæста, ‘ма мæ уæртæ фæххонуй.

– Биццеу, барæнай, ка дæ? Мæ ном мин кæцæй зонис?!

Ами цитæ цæуй?..

– Хетæг, ма гириз кæнай! Нæййес рæстæг. Нæ фонс нин есунмæ гъавунцæ, цæуæн тагъддæр, нæ фидæ сæ хæццæ еунæгæй тох кæнуй... Цæуæн, цæуæн!

Еунæгæй?! Гæнæн нæййес, цæугæ ‘й!

– ‘Ма еунæгæй ба цæмæн? Некебал си ес?

– Ес, бæргæ... Фалæ тæрсгæ кæнунцæ, хъал æнцæ, уæдта нæ æлдари хеуæнттæ. Цæуæн тагъддæр, нæййес рæстæг!

Гъæумæ æрбахъæрттан.

Гъæр, фæдес.

– Ци нин ракæндзæнæ еунæгæй? Уинис? Кæми ‘нцæ дæ лимæнтæ? Сабурæй дин зæгъæн, рахæссæ дæ фонс!

– Ка уин загъта, еунæгæй дæн, зæгъгæ?! Хуцау – мæ сæрмæ, раст адæймагæн алкæддæр фенхус кæндзæнæй... Гъæйдæ, кæд лæгтæ айтæ, уæд рацотæ! – æ кард исиста. – Æрмæст еугаййæй!

Дууей бал си фæццæф кодта, ‘ма ‘й ку балæдæрдтæнцæ, нæ йбæл фæуугæлахез уодзæнцæ, уæд ибæл æмбурдемæй никкалдæнцæ...

– Гъей... Сумах лæгæн æрмæст æ ном хæссетæ, куд уæмæ кæсун, уотемæй! – къолæй бунмæ æрцæуй, æ къохи æрмæст лæдзæг, уотемæй.

– Ду ба ма ка дæ? Æви дæ дæ цард нæбал гъæуй?

Фиццаг еуей, уæдта инней дæр æ лæдзæгæй ниццæфтæ кодта. Уæдмæти адæн дæр базмалдæнцæ, æрбатумбул æнцæ. Абæргутæ уой ку фæууидтонцæ, уæд ледзæги фæцæнцæ, сæ хестæрæй уæлдай...

– А Хетæг ку æй.

– Гъо, æ кæстæр фурт.

– Гъо, нæхе Хетæг.

– А, мадта, дæ фурт æй?

– Биццеу, цо нæхемæ.

– К’ айтæ, уой нæ зонун, аци лæги дæр нæ зонун, уæдта уин ци ракодта, уой дæр нæ зонун. Æрмæст, раст ци æй, уой ба зонун! ‘Ма йбæл æмбурдемæй ке никкалдайтæ, е раст нæ ‘й!

– Æгасемæй фулдæр дæ гъæуй дæу ба? Цо уæхемæ, дæ фидæмæ байгъосæ!

– Берæ дзорис, гъæйдæ...

Абæргути хестæрæн дæр æ сæр ниццæфтæ кодта æ лæдзæгæй.

– Хм-хм-хм, – æ сæрбæл хуæцуй. – Дæхе гъæуай кæнæ...

– Хетæг!

Цæйбæрцæдæр рæстæг рацудæй… Феронх æнцæ адæн, аци хабæрттæ...

…Æнæуой хумæтæг бон, Хетæг хезуй æ фустæ. Уалинмæ уинуй, ‘ма имæ е ‘мбал бæхбæл æрбатæхуй!

– Хетæг, салам. Дæ фустæй цалдæр радзæгъæл æнцæ, тæссаг син æй къæдзæхæй рахаунæй, цæуæн мæ хæццæ, бæхбæл тагъддæр уодзинан!

– Цæуæн...

Сайд ибæл рауадæй, нæдæр си фустæ, нæдæр кæдзæх, æрмæст еци абæргутæ...

– Æз ба дæ ме ‘мбал ку худтон!

* * *

Нæбал æй æртасун, мæ фуни фæууидтон, æви мæбæл æцæгæй æрцудæй...

Æваст фегъал дæн, цума мин мæ реуи еске кард рацавта. Фæстагмæ ма ‘й балæдæрдтæн, – мæ раздæриккон цард мæ æййафуй!



**Журнал «Ираф», 4, 2021 г.**

*Учредитель и издатель:*
*Комитет по делам печати и массовых коммуникаций*
*РСО-Алания.*
*362015. РСО–Алания, г. Владикавказ, пр. Коста, 11.*

Главный редактор – Э. Б. Скодтаев

*Адрес редакции: 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11.*
*Телефон: 55-01-48; E-mail: iraf.journal@inbox.ru*

*Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО-Алания.*

*Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 15-00147*
*от 30 мая 2017 г.*
*Индекс издания – 73941*

Сдано в набор 07. 09. 2021 г., подписано в печать 11. 10. 2021 г.
Дата выхода в свет 30. 11. 2021 г. Знак. инф. продукции 6+
Формат 60x80 $^{1}/_{16}$. Печать офсетная. Усл. печ. л. 19.
Заказ №508. Тираж 500 экз. Цена свободная.

Отпечатано в АО «Осетия-Полиграфсервис».
362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11
Тел.: 25-96-18. E-mail: osetia-poligrafservis@mail.ru

**© Ираф, 4, 2021 г.**

Журнал «Ирæф»-и æрмæгæй æндæр мухурон оргæн ку пайда кæна, уæд гъæуама бæрæггонд æрцæуа, ист кæцæй æй, е.

Журналмæ ци къохфинститæ бацæуй, уони редакци рецензи нæ кæнуй, уæдта сæ автортæн фæстæмæ нæ дæттуй.

Журнал «Ирæф»-и мухургонд æрмæгутæбæл дзуапп кæнунцæ автортæ сæхуæдтæ.